ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЫЗ

АДЫГСКОЕ СОВЕТСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№44 (21.952) ● 2011 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 16, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дин-щIэныгъэ центрым и ухэныгъэр щрагъажьэ, абы и лъабжьэм щIэблэхэм яхуэгъэза тхыгъэ зэрыль капсуэр зрагъэубыдащ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КЪБР-м и муслъымэнхэм я зэхуэсышхуэ

●Дыгъуасэ

ДЫГЪУАСЭ Налшык щызэхэтащ КЪБР-м и муслъымэнхэм я VI зи мычъэз зэхуэс (съезд). Абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен,** УФ-м и Президентым и Администрацэм и чэнджэщгъэ нэхъыщхьэ **Гришин Алексей**, КЪБР-мкIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, СНГ-м и Дин советым и тхьэмадэхэм ящыщ, Кавказым и муслъымэн дин Iуэхущ1апIэм и унафэщI, Азербайджаным и Iмам **Шейхулыислъам Аллахшюкюр Пашэ-Заде** , Урысейм и муслъымэн дин Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и яп1э къуэдз9 **Мухетдинов Дамир** , КИФЩI-м хьихь республикэхэм, щIыналъэхэм я муфтийхэр, нэгъэущI хьэщIэ лъапIэхэр.

Съедзыр къызэIуахьи и пэ къикуэу, абы-хэм яп1э мывэр ягъэтIылъри, Налшык къыщызэрагъэпэщ Дин-щIэныгъэ центрым и ухэныгъэр ирагъэжьащ. Осетинскэ уэрамымрэ 2-нэ Таманскэ дивизэмрэ я зэхэкIы-пIэм дежь щаухэу центрым хохьэ Мэжджыт нэхъыщхьэр, еджапIэ унэр, студентхэм я общежитир, Кавказ Ищхъэрэм иИслъам университетым и ректоратым и хэщIапIэр. Абы щеджэнущ Урысей псом къикIа муслъымэнхэр. Аращ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым дежкIэ а еджапIэм мыхьэнэхуэ щIиIэр. Уэхунышъэм текIуэдзну мылъкуи щыщу сом мелуани 100-р Урысей Федерацэм и бюджетым кIыутIыпщащ. Адрей псори КЪБР-м и Президентым хитIыхэнущ.

Зэхуэсым щыхахащ Къэбэрдей-Балкъэрым и Муслъымэн дин Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и яп1э къуэдз9 **Мухетдинов Дамир** , КИФЩI-м хьихь республикэхэм, щIыналъэхэм я муфтийхэр, нэгъэущI хьэщIэ лъапIэхэр.

Съедзыр къызэIуахьи и пэ къикуэу, абы-хэм яп1э мывэр ягъэтIылъри, Налшык къыщызэрагъэпэщ Дин-щIэныгъэ центрым и ухэныгъэр ирагъэжьащ. Осетинскэ уэрамымрэ 2-нэ Таманскэ дивизэмрэ я зэхэкIыпIэм дежь щаухэу центрым хохьэ Мэжджыт нэхъыщхьэр, еджапIэ унэр, студентхэм я общежитир, Кавказ Ищхъэрэм иИслъам университетым и ректоратым и хэщIапIэр. Абы щеджэнущ Урысей псом къикIа муслъымэнхэр. Аращ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым дежкIэ а еджапIэм мыхьэнэхуэ щIиIэр. Уэхунышъэм текIуэдзну мылъкуи щыщу сом мелуани 100-р Урысей Федерацэм и бюджетым кIыутIыпщащ. Адрей псори КЪБР-м и Президентым хитIыхэнущ.

Зэхуэсым щыхахащ Къэбэрдей-Балкъэрым и Муслъымэн дин Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и яп1э къуэдз9 **Мухетдинов Дамир** , КИФЩI-м хьихь республикэхэм, щIыналъэхэм я муфтийхэр, нэгъэущI хьэщIэ лъапIэхэр.

Съедзыр къызэIуахьи и пэ къикуэу, абы-хэм яп1э мывэр ягъэтIылъри, Налшык къыщызэрагъэпэщ Дин-щIэныгъэ центрым и ухэныгъэр ирагъэжьащ. Осетинскэ уэрамымрэ 2-нэ Таманскэ дивизэмрэ я зэхэкIы-

ГЪУЩIО **Зариф.**

Ди щIыпIэмкIи сэбэпт

Зэманкlэ дызэIбэгъкIыжмэ, Нартсанэ и Iэгъуэблагъэм щыIащ къхъухьлъатэ тIысыпIэ мыин. Абы телъэтыкI къхъухьлъатэ щIыкIуэхэм тыншу икIи дуду Анапэ, Геленджик, Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар) уэрыпатэсым и пащхьэ. Iуащ1ыхьэмахуэ щыгу, Джылы-Су, Бахъсэн ауэзкэм зыщапльыхьыну гупыж зыщIэхэми къагъэсэбэпырт.

КЪЭРАЛЫМ къыщыхъуа зэхъэуэкIынигъэхэм я ужькIэ, аэропортыр зэхуащIыжауэ щытащ. Iэщ1агъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, нобэ абы щызэхэтщ зэгъэнэщыжьын хуей къхъухьлъатэхэмрэ Iуэщ1хьэмахуэ зыпльыхьакIуэхэр дэзыхуэ щыта вертолетхэмрэ.

Мы Iуэхур иджыблагъэ къыщаIэтащ Ставрополь краим Промышленнос-тымкIэ, энергетикэмрэ транспортымкIэ и министерствэм. Абы ипкъ иткIэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм сэбэпышхуэ къахуэхъуу щыта къхъухьлъатэтIысыпIэ къыщыIэрэщIэжьныгъ теухуа программэ щхьэхуэ ягъэхьэзыр. Абы къызэрыхэщыкIэ, щIыналъэ унафэщIхэм гулъытэ зыхуащIыпхъэ Iуэху нэхъыщхьэхэм я ящыщщ Iыхуэхэм я гъэгуанэр къащ1ызыгъэпсыныщIэ зэропорт мыинхэр зэгъэпэщыжьыныр. Кавказ Ищхъэрэм апхуэдэхэр щымащIэжьым. КъащIэмэ, нэхъапэм Налшыкрэ Тырныауэрэ зэрыпытащ транспортхэм бжьыпэр щиIыгъ щытащ Налшык тельэтыкI пассажир вертолетым.

Бжьэдыгъукъалэ щыIэ аэропорт щIыкIур къыхэIуахьжмэ, щэч хэльхьым Iуащхьэмахуэ лъапэрэ диаузэмрэ хьэуам хэту зыщызыпIытхьыну хуей куэд къызэрыкIуэкIынум. Министерствэм и лэжьакIуэхэр иоужьэрэкI мы Iуэхуэм зи мылъку хэзылъхьэну хуей инвесторхэр къэгъуэтыным. Бжьэдыгъукъалэ къхъухьлъатэтIысыпIэр зэрэпэщыжьыныр илъэси 2-3 пIалъэм къриубыдэу зэфIагъэкIынущ я мурадц.

МЭЛЫЧЫПХЪУ **Данэ.**

Цыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэгIауэ Чернэ Речкэ къуажэм гъэжьыгъэ щIхьэхуэхэр щIыззэфIагъэкIащ. Къапщтэмэ, административнэ унэхэм, курыт школым, сабий гъэсапIэм, амбулаторэм я унащхьэхэр щIэкIэ зэрахъэжьащ. Ар псори зэхуэ метр зэбгъуэзнатIэ мини 5-м нобл агъэ.

КЪУАЖЭ унафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, куэд щынэрэ апхуэдэ лэжьыгъэ зэуIуу кърахьэIауэ ящIэжьыркъым. КъищынэмыщIауэ, уэрамитIым жьы хъуа бжьамийхэр щызэрахъуэкIащ, дяпэкIэ зэпыу имыIэу щыхум псы зэфэнур яIэрыхьэн хуэдэу. АбыкIэ сабэпышхуэ къахуэхъуащ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэхэм я лэжьыгъэм зэхъуэкIынигъэхэр хэтъхьэным теухуа къэрал программэр гъэзэщIынымкIэ фондыр. Абы и фIыгъэкIэ, гъуэгу метр зэбгъуэзнатIэ мини 3-м нэсым асфальтыр щIэуэ трапъхьащ.

Чернэ Речкэ жылэм дэIэпыкъуэгъуэщхуэ къыхуэхъащ -ЭЗТ- Iуэхущ1апIэрэ. Мыбы къахунутIыпщ мылъкумкIэ къуажэм дэт кхъэм кIуалIэ гъуэгу километри 3-м асфальт, уэрам зыбжанэм мывэщIауэ, уэрамитIым жьы хъуа бжьамийхэр щызэрахъуэкIащ, дяпэкIэ зэпыу имыIэу щыхум псы зэфэнур яIэрыхьэн хуэдэу. АбыкIэ сабэпышхуэ къахуэхъуащ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэхэм я лэжьыгъэм зэхъуэкIынигъэхэр хэтъхьэным теухуа къэрал программэр гъэзэщIынымкIэ фондыр. Абы и фIыгъэкIэ, гъуэгу метр зэбгъуэзнатIэ мини 3-м нэсым асфальтыр щIэуэ трапъхьащ.

Чернэ Речкэ жылэм дэIэпыкъуэгъуэщхуэ къыхуэхъащ -ЭЗТ- Iуэхущ1апIэрэ. Мыбы къахунутIыпщ мылъкумкIэ къуажэм дэт кхъэм кIуалIэ гъуэгу километри 3-м асфальт, уэрам зыбжанэм мывэщIауэ, уэрамитIым жьы хъуа бжьамийхэр щызэрахъуэкIащ, дяпэкIэ зэпыу имыIэу щыхум псы зэфэнур яIэрыхьэн хуэдэу. АбыкIэ сабэпышхуэ къахуэхъуащ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэхэм я лэжьыгъэм зэхъуэкIынигъэхэр хэтъхьэным теухуа къэрал программэр гъэзэщIынымкIэ фондыр. Абы и фIыгъэкIэ, гъуэгу метр зэбгъуэзнатIэ

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

●Аруан куей

Къуажэм зеузэщI

Цыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ

Дзэлыкъуэ районым и гъавэзэкIэхэм ящыгъабз къащхэщу сом мелуан 68-рэ мин 430-рэ и уасэ мэкъумэщ техникэу 17.

КУЕЙ администрацэм мэкъумэш IэнатIэмкIэ и кIуэдамэм къыззэрыщыджалаимкIэ, иджы абыхэм я1щ гъавэ зэрыIуахьыж комбайныщIэу 4, трактору 11, экскаватору 2. «Псынэдахэ» СХПК, «Малкъ», «Ариго» СПОК-хэр, апхуэдэу Приречнэ къуажэм щыщ щхьэзакъуэрылажьэ Хьэщ-хьуэжь Замир лизинг компаниехэм я Iуэхутхьэбзэхэр хьарзэныгъэ кIыгъэсэбэп.

Бэджэндырылажьэхэри дзэлыкъуэкIэ щыткъым. Абыхэмэ гъавэ зэрыIуахьыж комбайну 14, (5-р нэгъэущI къэралхэм къыщыщIагъэкIхэм хуэдэщ), трактору 9 къащхэущ.

ПщIыуНэ Эммэ.

●Шэджэм куей

ЦIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ

кIэхэр тыншу щызэрагъэпэщыжьырт, абы пкъраliterхъэ пкъыгIуэхэри зэпэуфыдатэкъым. Иджы псори бэджэндырылажьэхэм я фэ дэхуэн хуейщ. Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Кlэбышэ Анатолэ щыгъуазэ дызэриIащмкIэ, апхуэдэ щытыкIэм итмэкъумэщышIэхэм я гупыгехьыр, машIу нэхъ мыхъуми, зэрыщагъэпсынщIэным хэтщ: бэджэндыпщIмкIэ зыгъэтрагъэхьэпъэркъым.

Нобэ Iашынкъеим цыхуэ 800-м нэблагъэ дзэкъэпIэщIэу дэсщ. Абыхэм ящыщу 216-м къэрал пособие кърат, адрей кьанэр пIалъэ-кIэ-вэн-сэныкIэ гъавэ Iухыжыгъуэмрэ - губгъуэмрэ пхъэщIхьэмыщхэ хадэмрэ щолажьэ. ПэгъуэщI гугъапIэхэри яIэщ. Абыхэм я псэукIэр я псэукIэр езыгъэфIэкIуэну, абы папщIэ аэр Iэнатlэкlэ къызэзыгъэпэщыну зи пщэ къыдэхуэхэм: жыг хадэхэм иджыри гектар 90-м нэс къыхагъэхъуэну я мурадщ. Апхуэдэу къызэIуахьынущ пластик щхьэгъубжэхэр щагъэхъэзэныр Iэнатlэщ1э, Iэщ фермэ. Аэр хъэзыр хъуэмэ, цыху 30-м нэблагъэ лэжьапIэкIэ къызэрагъэпэщыфынущ.

ЛЪОСТЭН Муэ.

●Комиссэхэм

Зыхущ1ыщIэ бюджетым хуокIуэ

2012 гъэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зыхущ1ыщIэ бюджет иIэн хуейщ - республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен апхуэдэ къалэн Правительствэм хуигъэуващ. Абы папщIэ лэжьыпхъэхэм щытепсэлъыхьащ вице-премьер Абрэдж Iэдиб иригъэкIуэкIа КЪБР-м и Правительствэм Бюджет Iэнатlэм и хэхъуэхэр зэщIэгъэуIуэныр къызэгъэпэщынымкIэ, финанс, бюджет, налог дисциплинэр гъэзэщIынымкIэ и комиссэм я зэIущIэм.

ФИНАНС щытыкIэр зэтес щыжьыным, налогхэр къызэрыхах щыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ республикэм и унафэщIхэм зэфIаха Iуэху щхьэхуэхэм я фIыгъэкIэ, къэрал щыкIэ, къэрал кIуэцI щыхуэхэм хэпщIыкIыу хагъэщIащ. Апхуэдэу щыт пэтми, бюджетыр зыхущ1ыщIэхэр зэрагъэмащIэм арэзы укъищIыркъым.

- Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр сом зы мелард9рэ мелуан 200-рэ хущоущIэ. ИлъэсэитIым къриубыдэу ар иридгъэкъужьну къыптэщыщтащ. А къалэным дыпэлъэщIым щхьэкIэ, налог дисциплинэр нэхъри дгъэлъэщын хуейщ. Иужьрей илъэсищым ди предприятэхэм, хьэрычэтыщIэ Iуэхущ1апIэ щIыкIуэхэм хуэфащэ гулъытэ яхуэтщIакъым, иджы абыхэм я -амнистиер» иухащ.

Мылъку къэзылэжь Iэнатlэхэм я нэхъыбэм дляпкIэ налогхэм яхуэхдгъэхъуэнущ», - жиIащ Абрэдж Iэдиб.

ФинансхэмкIэ министр **Бышэн Азрэт** къыгъэлъэгъуащ 2006 - 2007 гъэхэм налог зытехьэхэм ар ирикъуу яту зэрыщытар, ауз 2009 гъэм а Iуэхур къызэрагъэтIэсхъэр. Промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, электрокъарур къэзылэжь, тезыгъашэ Iэнатlэхэм, транспортым, связым, нэгъэущI Iуэхущ1апIэхэми налогу къыщыхахым хагъэхъуэнущ. Абы къыхэкIыу, экономикэм и Iэнатlэ лIэужьыгъуэхэм ятыр зыхуэдизым тещIыхьауэ, налогхэр зэрызэтыпхъэщ.

Урысейм и ФНС-м и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Быф Руслан** зэрэжиIамкIэ, 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ налогхэмрэ нэгъэущIу къыхахъэмкIэ ятелъ щIыхуэхэм илъэс къэс хагъэщIурэ къежьагъэхэм, нэгъабэ лъандэрэ хэхъуэжу щIидзащ.

- Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ирагъэкIуэкI налог къэпщытэныгъэхэм къарикIуам ипкъ иткIи ятыжьын хуейуэ хуагъувэжр зэрыхамылъхьэжырщ. Абы щIыгъуэми, щIыхуэхэм я процент 70-р предприятэ 42-м хуоз9, - къыхигъэщащ Быф Руслан.

Абрэдж Iэдиб къыхилъхьащ налогхэр къызэрыхах щыкIэр зэрагъэфIэкIуэну Iэмалхэр яубзыхуэ мурадкIэ, налог Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм нэмыщI, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэри зыхэтну гуп къызэрагъэпэщащ. Правительствэм и Унафэщым и яп1э къуэдз9м къыкIигъэщащ абы и лэжьыгъэр нобэрей мазэм тращIыхьын зэрыхуейр.

- Налог дисциплинэр щIэдгъэткIийр Iэнатlэхэр дэткъуэзнуракъым. Псом ящIэу абыхэм даззрыдэIэпыкъуфыну щIыкIэр дгъэбелджылынущ. Нобэ зыгъэрхэм зэращIэдгъэкъуэмэ, пщIэдей а предприятэм налогыр хуэдитIкIэ нэхъхьбзэ къыдитынущ, - къыхигъэбелджылыкIащ Абрэдж Iэдиб.

Комиссэм и зэIущIэр мазэ къэс ирагъэкIуэкIну зэгурыIуащ.

ХЬэПЭ Маринэ.

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Ди республикэм и хьэрычэтыщIэхэм зэрадэIэпыкъуэ щIыкIэр зыхуэбгъэдэн щымыIэу къалъытэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм Правительствэм зыхуохах зэманым хиубыдэу республикэм экономикэ зыужьынигъэмрэ затумкIэ и министр Мусуков Адий депутатхэр щыгуфащ ищIащ кредит-финанс Iэнатlэм зегъэужьынымрэ хьэрычэт Iуэху мыиныжрэ гулъытэ зэрыпхъэ мылъкукIэ ядэIэпыкъуныжрэ ди дежь къызэрыщызэгъэпэщам.

МЫ ЗЭМАНЫМ ахэр предприятэхэм я Iуэху мыиныжрэ курытымрэ пэрытхэм финансхэмкIэ, мылъкукIэ зэрызыщIагъакъуэ Iэмалу республикэм 11 кIыщагъэсэбэп. Министрым зэрыжиIамкIэ, абыхэм я фIыгъэкIэ ди дежь хьэрычэт Iэжьакъуэхэм ящыщу зыри гулъытэнщэу къыщынэрэкым.

Псом хуэмydэу республикэм нэхъ щогугъу щIалэрыгъуэлъэм я Iуэхур дэгъэкIынымкIэ, Къэбэрдей-Балкъэрыр щ1ыгъ бизнес мурадхэр гъэззэщIынымкIэ студентхэм япэ дыдэу зэрыщIэзыгъакъуэу щIэзыдза республикэр. Езым иубзыхуэ бизнес мурадыр игъэззэщIын папщIэ, зи ныбжьыр илъэс 30-м щIимыгъуа дэтхэнэ зы щIыхуэм сом мин 300 хъу грант къыщIихьыфынущ. Къапщтэмэ, 2007 - 2009 гъэхэм къриубыдэу щIалэрыгъуалэм кIыхалъхьа проекту 42-рэ ягъэззэщIэн папщIэ сом мелуан 19,6-р хухахащ. 2010 гъэмкI грантыр 42-р яубзыхуатэ, абыхэм папщIэ псори зэхэту сом мелуан 12,5-рэ хуауатIыпщащ.

Лъэжьэ щIэзыдзэ инноваци компаниехэм ямыпшынэныжыну иратхьэрычэт Iэнатlэ мыиныжрэ курытымрэ егъэтхъуным, хьэрычэт Iэнатlэр зэтегъэувэным, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным трагъэкIуэдэн папщIэ грантыр сом мин 300-м нэс. 2010 гъэм къащта гъэфэм ипкъ иткIэ, апхуэдэ зы инноваци проектым щыщIагъэкуащ.

Апхуэдэу дэIэпыкъуныгъэ ират хьэрычэт Iуэхум зэрыхьхьэрэ ильэситI иримыкIуа щIыхуэхэм. Абыхэм къащэхуа мылъку нэхъыщхьэм и уасэм щыщ Iыхьэ (ауэ сом мин 500-м щIимыгъу), лизингымкIэ зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIи, пэублэу ят ахъшэм щыщ Iыхьэ (сом I мелуаным нэс) хуащIыныныж. Министрым зэрыжиIамкIэ, а Iэмалыр проект 25-м ехьэлIауэ къагъэсэбэпащ икIи абыхэм псори зэхэту сом мелуани 10,8-р трагъэкIуэдащ.

ХьэрычэтыщIэхэм я Iэнатlэхэр электросетхэм зэрыщащIэм и уасэм хуклэрагъэхуащ, Абы хиубыдэу киловатти 100-м щегъэжьауэ киловатт 1000-м нэс зи льащагъ оборудованэр зэрыщIадзэм текIуэдэм и процент 30-м щегъэжьауэ процент 70-м нэсыр бюджетым щхьэщетыкI. Урысей Федерацэм и субъектхэм ящыщу а Iэмалыр яIэ дыдэу къыщагъэсэбэпу щыхуэжьар ди республикэрщ. Абы ипкъ иткIэ, нобэм ирихьэлIэу проектэ 4-м псори зэхэту сом мелуани 2,4-р хухахащ.

(КIуэхыр 2-нэ нап.).

●Промышленность

Мылъку яхуихынущ

Лашынкъей куэдкъэм и унафэщIхэр зэрырагъэфIэкIуэным хуэунэтIащ. Къапщтэмэ, жыгхэдэсхэм фейдэ хэхъыпIэ нэхъыщхьэу иджыпсту яIэр мэкъумэщ гъэжьыгъэмрэ хадэхэм гъэкIыныжмрэщ. Гъавэ щIапIэу къуажэм гектар 800 нэсщ, абы щыщу 700-р бэджэнду ят. Ахэр хабзэм тету гуэщащ, хэт хисэнурн иджыпсту ящыщIэзэгъу ягъэбелджылащ.

ЩIЫМ телъэкIыхь къуажэдэсхэм къатемыхьэтъэу кьанэркъым техникэр, псом хуэмydэу трактор9р, комбайнхэр кьаэремэщэкIыр. Гъатхэ вэн-сэнымрэ бжьыхь гъавэ Iухыжыгъуэмрэ абыхэм кьалъэIухуэн хуей мэхъу, арышIыкIи къаIимэщIокI мылъкур абы трагъэкIуадэу. КъищынэмыщIауэ, яп1эм колхозым игъэлажьэу щыта мастерскойхэм техникэ-лажьэ, иджы абыхэм я1щ гъавэ зэрыIуахьыж комбайныщIэу 4, трактору 11, экскаватору 2. «Псынэдахэ» СХПК, «Малкъ», «Ариго» СПОК-хэр, апхуэдэу Приречнэ къуажэм щыщ щхьэзакъуэрылажьэ Хьэщхьуэжь Замир лизинг компаниехэм я Iуэхутхьэбзэхэр хьарзэныгъэ кIыгъэсэбэп.

Бэджэндырылажьэхэри дэIэпыкъуэкIэ щыткъым. Абыхэмэ гъавэ зэрыIуахьыж комбайну 14, (5-р нэгъэущI къэралхэм къыщыщIагъэкIхэм хуэдэщ), трактору 9 кьащхэущ.

ПщIыуНэ Эммэ.

●Дзэлыкъуэ куей

Мэкъумэщыщ1эхэр мэщащхэ

Дзэлыкъуэ районым и гъавэзэкIэхэм ящыгъабз къащхэщу сом мелуан 68-рэ мин 430-рэ и уасэ мэкъумэщ техникэу 17.

КУЕЙ администрацэм мэкъумэш IэнатIэмкIэ и кIуэдамэм къыззэрыщыджалаимкIэ, иджы абыхэм я1щ гъавэ зэрыIуахьыж комбайныщIэу 4, трактору 11, экскаватору 2. «Псынэдахэ» СХПК, «Малкъ», «Ариго» СПОК-хэр, апхуэдэу Приречнэ къуажэм щыщ щхьэзакъуэрылажьэ Хьэщхьуэжь Замир лизинг компаниехэм я Iуэхутхьэбзэхэр хьарзэныгъэ кIыгъэсэбэп.

Бэджэндырылажьэхэри дэIэпыкъуэкIэ щыткъым. Абыхэмэ гъавэ зэрыIуахьыж комбайну 14, (5-р нэгъэущI къэралхэм къыщыщIагъэкIхэм хуэдэщ), трактору 9 кьащхэущ.

ПщIыуНэ Эммэ.

Зрагъэубгъу

«Россельхозбанк» ОАО-м хьэрычэт цIыкIумрэ курытымрэ кредит щIыхуэ къыщIахьэ, зыужьыну самыльэт ящIын мылъку ямыIэмэ, ахъшэр зэратыжынымкIэ жэуапткIуэхэр къагъэсэбэпынымкIэ щэсыпIэ фондхэм ядэIэлжьэныр куэдкIэ нэхъ тынш ищIащ.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, а фондхэм дляпкIэ банк депозитым мылъку халъхьэжынукъым. КъищынэмыщIауэ, абы и депозит мылъкум нэхъри щыхьэтIыкIэ зыхуэхъуэм ейр тIукIэ игъэбгъуэфынущ. А псомэ къыдэкIуэу, пщIэрылъ зэгурыIуэныгъэхэм банкым и щэсыпIэ фондыр хэту щытамэ, иджы ещанэу мылъку къеIыжыгъэ хигъэхьащ.

Апхуэдэ Iуэху гъэувыкIэм куэдкIэ нэхъ тынш ищIынущ хьэрычэт цIыкIумрэ курытымрэ я Iуэхум зрагъэужьын папщIэ банк щIыхуэр кьагъэсэбэпынущ.

Хьэрычэт цIыкIумрэ курытымрэ зэщIэгъэкъуэныр «Россельхозбанк»-м и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Абыхэм кредит ятыныр кIуэ пэтми нэхъ тынш ящыщыным теухуа лэжьыгъэхэм адэкIи къыпищэнущ.

ХЬэщIыкIЪуЕй Олег, *«Россельхозбанк»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI.*

Iуэхущ1апIэ пэрытхэм хабжэ

КЪБР-м Узыфэхэр къыщапщытэ и центрым Кавказ Ищхъэрэм бжьыпэр щиубыдащ.

КЪАПЩТЭМЭ, мыбы нобэ къигъэсэбэп «Титан» малъхъэдис томографым хуэдэ зиIэ медицинэ Iуэхущ1апIэ Кавказ Ищхъэрэм и адрей республикэхэми, Ставрополь, Ростов щIыналъэхэми иткъым. Ар иджыпсту Iэмэпсымэ зыгъэхьэзыр «Тошиба» фирмэ цIэрыIуэм къыщIигъэкIахэм ящыщщ. Мы зэманым центрым Iуэхутхьэбзэ яхуеIуа ди республикэм и мызакъуэу, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Шэшэн, Ингушрепубликэхэм къикIа сымаджэхэм. «Титан» томографым цIыхум япкъыт сыт хуэдэ узыфэри щыуагъэншэу къехутэ. Цыхум и Iэпкълъэпкъыр къегъэлъагъуэ Iупщ1у, ину, зэхэщIыкIыгъуэу томографым нагуэ кIыгъэщ1 цIыхум и лъытхуэхэм, къучущхьэхэм яIэнкIэ хъуну сэкъатхэр. ЗэманкIэ дызэIэбэкIыжмэ, мыпхуэдэ пажэхэмрэ Швейцарие, Голландие къэралыгъуэхэм я щIэныгъэлI цIэрыIуэхэмрэ. Дызытехьа 2011 гъэм центрым и зэфIэкIэхэм зэрыхитIуэхуэным хущIэкъуащ.

ЗЕКIУЭРЕЙ Дусэ.

«Ахьдз-апша» орденыр Шамбэ Сергей хуагъэфащэ

АБХЪАЗ . ***Лъэпкъ-щхьэхэущIыжажIуэ зэщIэхъеенигъэм, зи щхьэ хуущытыж абхъаз къэралыгъуэм и зэфIэувэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхэм папщIэ, Шамбэ Сергей «Ахьдз-апша» (Пщыгэр щыIыкIэ) орденым и етIуанэ нагъыщэр хуагъэфэщащ.***

ИПЪЭС 60 ныбжьыр дыгъуасэ зыгъэпэщIа республикэм и премьер-министр Шамбэ Сергей апхуэдэ гулъытэ зэрыхущIым теухуа унафэм а махуэ дыдэм Iэ щIидзащ Абхъазым и президентым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Анкваб Александр, Иджыпсту зызыгъэпсэху АР-м и унафэщI Бэгъэщ Сергей премьер-министрым хъэзыку гуапэ хуигъэхьащ.

Илъэс 18 ирокъу

Илъэс пщыкуий и пэкIэ Абхъазым и дзэхэм зауэ Iуэхущхьэр зрагъэкIуэкIауэ щытащ и къадащхьэр хуит къащIыжьын папщIэ. Сыкъым щхьэхуэ зэрыхъужрэ илъэс 18 зэрыхуэмыдэ Iуэху фэеплъ пэкIу дыгъуасэ абы щекIуэкIащ.

ЩIЫХЪ жыг хадэм щызэхуэсащ зауэм и ветеранхэр, вице-президент Анкваб Александр, парламентым и спикер Ашуба Нугъзыр, кьалэ администрацэм и Iэтащхьэ Лабахуа Алиас, парламентым, правительствэм, жылагъуэм я лIыкIуэхэр, зауэлIхэр, ещанэкIу Iэхъэрэ. Абыхэм Абхъазым и щхьэхуитныгьэм папщIэ зэхэщIагъэхэм я фэеплъым удз гъэгъаэхэр трапъхьащ.

Хэхъныгъэм кърикIуахэр

АДЫГЕЙ. ***Гъатхэпэм и 13-м республикэм и Къэрал Совет-Хасэм и депутат хэхъныгъэхэр екIуэкIащ. Абы кърикIуахэм теухуауэ щытащ Президент Тхьэмахуэм I Аслъэнджерирэ ХэхъакIуэ комиссэм и унафащI Хъут Юрэрэ я зэIущIэр.***

ИДЖЫСТУКIэ яIэ бжьыгъэм тещIыхьмэ, бжьыпэр яIыгъыж мандат 41-рэ зыIэрызыгъэхьа «Урысей зэкъуэт» партым и лIыкIуэхэм, абыхэм якIэлъэкIуэ коммунистхэр. Хъут Юрэ зэрыжиIамкIэ, мандат 13-р нэгъэущI партищым трагъэшэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Ди республикэм и хьэрычэтыщIэхэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэр зыхуэбгъэдэн щымыIэу къалъытэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Доклад зыщIам къыхигъэщхьэхукIащ кредитхэмрэ лизингымкIэ зэгурыIуэныгъэхэмрэ процентклэ щхьэщатыкI ахъшэм щыщ Iыхьи хьэрычэтыщIэхэм зэрыхуапшыныжыр. Ар нэхъ щIэупщIэшхуэ зиIэ дэIэпыкъуныгъэхэм ящыщщ, сыту жыпIэмэ, адрей щIыналъэхэм елъытауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щат ахъшэр Урысейм и Банкым щIыхуэ къыщыIахкIэ щхьэщатыкI процент бжыгъэм хуэдиз мэхъу. Субсидиехэр щIрат кре дит ахъшэр нэхъыбэ дыдэу сом мелуан 50-м фIэмыкIыу, проектхэри илъэси 3 пIалъэм кърибубыдэу ягъэзэщIэн хуейуэ ягъэуващ. Абы ипкъ иткIэ, проекту 134-м дэIэпыкъуащ икIи абыхэм псори зэхэту сом мелуани 121,2-рэ хуапшынащ. А Iэмалыр къызэрагъэсэбэпым и фIыщIэкIэ хьэрычэт Iуэху мыиным и IэнатIэм кредит ахъшэу къыщагъэсэбэпар сом 1 мелардым щIегъу. Респуб ликэм и экономикэм бюджетым хилъхьэ дэтхэнэ зы сомми хуэзэу банкхэм я кредиту соми 10-м нэблагъэ къыIах.

Хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ хьэрычэт IэнатIэ курытхэмрэ ящыщу зы илъэсым щIигъуауэ лажьэхэм, инновацэ проектхэр гъэзэщIэным елэжь юридическэ IэнатIэхэм субсидиеу сом мин 600-м нэс ират продукцэ лIэужьыгъуэщIэхэр къэхутэным, ахэр къызэрыщIагъэкIыным хуагъэхьэзырыным, иджырей технологиехэр (къэхутэныгъэщIэхэр къагъэсэбэпынымкIэ хуитыныгъэ къызэрырат патентхэр, лицензэхэр, нэгъуэщIхэри къэщэхуным трагъэкIуэдэнури хэту) зэтегъэувэн и лъэныкъуэкIэ къагъэсэбэпын папщIэ.

Апхуэдэу хьэрычэтыщIэхэм хуапшыныж фIагъым и ISO 9000 дунейпсо мардэхэм япкъ иткIэ, сертификацэ зэрырагъэкIуэкIым трагъэкIуадэм и зэхуэдитIри (ауэ сом мин 300-м щIимыгъуу). ЗэкIэ апхуэдэ ахъшэ зыхуаутIыпщар зы проектщ, ауэ хьэрычэтыщIэхэм къагурыIуэу хуежьащ апхуэдэ сертификацэ егъэкIуэкIыным сэбэпынагъышхуэ зэриIэр.

Къэралыр хьэрычэт лэжьакIуэхэм ядоIэпыкъу абыхэм я продукцэр щагъэлъэгъуэну щIыпIэхэр бэджэнду къыщащтэкIи. Апхуэдэм и деж гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ жармыкIэхэмрэ къыщызэрагъэпэщ псэуалъэхэм щIат уасэм и зэхуэдитIыр (ауэ сом мини 100-м щIимыгъу) хуапшыныж.

Хьэрычэт лэжьакIуэхэм ахъшэкIэ защIэгъэкъуэным и лъэныкъуэкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщу Мусуков Алий къыхигъэщащ хьэрычэт Iуэху мыин зезыхьэхэм ахъшэшхуэ дыдэу щымыт щIыхуэхэр етыныр зэрызэтрагъэувар. Республикэм иджыпсту апхуэдэ Iэмалу тIум зыщауж. Ахэр муниципальнэ фондхэмрэ кредит кооперативхэмрэщ. Бюджетым и ахъшэкIэ зыдэIэпыкъуахэр хьэрычэт Iуэху мыиным зыщIэгъэкъуэнымкIэ муниципальнэ фонду 13, кредит кооперативу 30 мэхъу. Хьэрычэт IэнатIэм пэрытхэм, псом хуэмыдэу лэжьэн щIэзыдзэхэм, ящыщ куэдым банкхэм щIыхуэхэр къыIахын зэрахузэфIэмыкIыр къэплъытэмэ, а Iуэхум мыхьэнэ хэха иIэу жыпIэ хъунущ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ щIыхуэ мыинхэр тыныр ди деж зэрыщызэтрагъэувар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щынэхъыфIу къызэрилъытэр Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм зыбжанэрэ къызэрыхигъэщар. Уеблэмэ Урысейм и микрофинанс центрым и IуэхущIапIэ Налшык къалэм къыщызэIуихащ.

Куэд щIакъым КъБР-м и ШэсыпIэ фондри къызэрызэрагъэпэщрэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ ящыщу яхурикъун сакъылэт зимыIэхэм банкхэм кредитхэр къыщыIахкIэ а ахъшэр зэрапшыныжынумкIэ жэуаптакIуэу увыныр щ.

Министрым къипсэлъам едэIуа нэужь, парламентархэм абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ. ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкъуэ Сэфарбий щIэупщIащ валовэ щIыналэ продуктыр къэлэжьыным хьэрычэт Iуэху мыинымрэ хьэрычэт Iуэху курытымрэ я IэнатIэхэм хащIыхьыр зыхуэдизым. Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министрым зэрыжиIамкIэ, республикэм и щIыналъэ продуктым и процент 26-р (Урысейм ар зэрыщыхъур процента 10-щ) къызэзыгъэпэщыр ахэрщ.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыIэм и унафэщI Кебеков Владимир щIэупщIащ хьэрычэтыщIэхэм банкхэм къыIах кредитхэм процентклэ щхьэщатыкI ахъшэм щыщ Iыхьэ яхуэпшыныжыным и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIхэм. Абы и жэуапу, Мусуков Алий зэрыжиIамкIэ, а Iуэхур нэгъабэ къэсыху хьарзынэу екIуэкIащ. Ауэ илъэс и пэ унафэ къащтащ Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм щIыхуэхэм щхьэщатыкIыр зэригъэмэщIам, ар цIыкIу зэрыхъуам къыхэкIыу федеральнэ бюджетым и ахъшэр дяпэкIэ апхуэдэ мурадкIэ къамыгъэсэбэпыжыну. Министрым къыхигъэщащ ди щIыналъэм и дежкIэ апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр федеральнэ центрым гурагъэIуэн зэрахузэфIэкIар икIи дызэрыт илъэсым а мурадымкIэ федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 40, республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 20 къызэрагъэсэбэпынур.

Доклад зыщIам депутатхэм ягу къигъэкIыжащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр Налшык щригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщыщыпсалъэм, УФ-м щIыналъэхэм я зыужьыныгъэмкIэ и министр Верещагин Сергей жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрычэт Iуэху мыинымрэ хьэрычэт Iуэху курытымрэ зэрыщыдэIэпыкъур зыхуэбгъэдэн щымыIэу зэрыхьэлэмэтыр, ар УФ-м и адрей щIыналъэхэми къыщыгъэсэбэпыпхъэу къызэрилъытэр.

Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Бозий Натбий министрым еупщIащ ди республикэм бизнес-инкубаторхэм зэрызыщрагъэужьыну я мурадымкIэ. Жэуапым къызэрыхэщамкIэ, псори зэхэту бизнес-инкубатор 13 ящIыну траухуащ. ЗэкIэ гъэ къэс къаIэрыхьэ ахъшэр зыхурикъур зы бизнес-инкубаторщ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар и упщIэр зытеухуауэ щытар хьэрычэт лэжьакIуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ хэкIыпIэхэм ящыщу федеральнэ IэнатIэм нэхъ щыдаIыгъыр зыхуэдэрщ. Мусуков Алий къыхигъэщхьэхукIащ япэ игъэщыпхъэ унэтIыныгъэхэр гъэ къэс федеральнэ IэнатIэм зэрыщагъэбелджылыр икIи абыхэм ятещIыхьауэ федеральнэ бюджетым и ахъшэр къызэраутIыпщыр. Дызэрыт илъэсым нэхъ зэгугъупхъэхэм ящыщу къалъытащ бизнес-инкубаторхэр щIыныр, шэсыпIэ фондхэр къызэгъэпэщыныр, хьэрычэт лэжьыгъэ мыин зезыхьэхэр егъэджэныр, щIалэгъуалэм грантхэр яхухэхыныр. Адрей унэтIыныгъэхэм ятекIуэдэну ахъшэр республикэ бюджетым къыхагъэкI.

Парламентым и УнафэщIыр апхуэдэу щIэупщIащ инновацэ проектхэр гъэзэщIэным текIуадэ ахъшэм щыщ Iыхьэ зэрыхуапшыныжым сэбэпынагъыу къыпэкIуэр зыхуэдизым. Министрым зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр IыхьитIу зэщхьэщыхауэ къызэрагъэпэщ. Лэжьэн щыщIидзэм и деж мурад пыухыкIам нэмыщI цIыхум зыри бгъэдэлькъым. Апхуэдэ мурадыр абы щыпхигъэкIын хуейщ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Уянаев Казым и пашэу КъБР-м и Правительствэм и деж щыIэ ЩIэныгъэ-техникэ советым и пащхьэ. Ар хузэфIэкIамэ, и мурадыр гъэзэщIэным пыщIа документхэр игъэхьэзырын, патент къыIихын папщIэ абы имыпшыныжыну сом мин 300 хухах. КъытригъэзэжуI щIэныгъэ-техникэ советым зыкъыщыхуигъэзам и деж, хьэрычэт лэжьакIуэм пэублэу продукцэ зэригъэхьэзырам тригъэкIуэдам щыщу сом мин 600-р хуапшыныж. Абы и ужькIэ, инновацэ проектыр зэтезыухуам и дежкIэ гугъукъым а Iуэхум елэжьын инвес тор къигъуэ тыну, сыту жыпIэмэ, зыхуэфащэ документхэри езы продукцэ хьэзырри щыIэщ.

Чеченов Ануар и къыкIэлъыкIуэ упщIэр теухуауэ щытащ бизнес-инкубаторхэм щылэжьэнухэр къызэрыхах щIыкIэм, абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ хабзэхэм. Доклад зыщIам зэрыжиIамкIэ, бизнес-инкубаторым щылэжьэну щIэлъэIур хьэрычэт Iуэхум зэрыхыхьэрэ зы илъэс нэхъыбэ дэмыкIамэ, абы зэрихьэ лэжьыгъэр сату, страховой, банк Iуэхухэм япымыщIамэ, апхуэдэм щылэжьэн пэш хухэхыным теухуауэ къитха лъэIур къыIах. Бизнес-инкубаторхэм лэжьапIэ пэшхэр щызыIыгъхэм бэджэнд уасэу къыIахыр зекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ япэ илъэсым процент 30-м, етIуанэ илъэсым процент 60-м, ещанэ илъэсым процент 90-м щIимыгъущ. А илъэсищым къриубыдэу фирмэр лъэ быдэкIэ уву езым хэщIапIэ къилъыхъуэжын хуейщ. Производствэ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкI псэуалъэхэри бэджэнду зэратыр апхуэдэ дыдэущ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрым ищIа докладым т епсэлъыхьри, Президиумым хэтхэм къалъытащ зыхэплъэ Iуэхум и лъэныкъуэкIэ арэзы укъэзыщIын лэжьыгъэ респуб ликэм щекIуэкIыу, зыхуэфащэн хабзэ лъабжьэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтеувауэ, властми хьэрычэт Iуэху мыинымрэ хьэрычэт Iуэху курытымрэ защIэгъэкъуэным и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэ т эмэм иригъэкIуэкIыу. Президиумым и Парламентым и зэIущIэм къыщащта чэнджэщхэм къыщагъэлъэгъуащ хьэрычэтыщIэхэм зэрадэIэпыкъу кредит-финанс, мылъку хэкIыпIэ хэр республикэм къызэрыщагъэсэбэп щIыкIэм цIыхухэр зыубгъуауэ щыгъуазэ зэращIыпхъэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым зэрыжиIамкIэ, икъукIэ зыубгъуауэ къэгъэсэбэпыпхъэщ нэгъуэщI къэралхэми УФ-м и адрей с убъектхэми хьэрычэт IэнатIэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ щыIэ лэжьэкIэр.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъууэ щыIэ унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжыныр» республикэ программэ пыухыкIам зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм щIышылэм и 25-м *№11-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъууэ щыIэ унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжыныр» республикэ программэ пыухыкIам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м къыдигъэкIа Унафэ №121-ПП-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи а Программэм и гуэдзэн №3-р мы унафэм зэрыщIыгъум хуэдэу къэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
МЕРКУЛОВ Александр

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм куэду зэтемыт псэупIэ унэхэр нэхъыбэу щыщIын зэрыхуейм тещIыхьауэ псэупIэ унэ кхъахэхэм щIэсхэр 2010 гъэм къыщIэгъэIэпхъукIыныр» республикэ программэ пыухыкIам зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм щIышылэм и 25-м *№12-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм куэду зэтемыт псэупIэ унэхэр нэхъыбэу щыщIын зэрыхуейм тещIыхьауэ псэупIэ унэ кхъахэхэм щIэсхэр 2010 гъэм къыщIэгъэIэпхъукIыныр» республикэ программэ пыухыкIам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м къыдигъэкIа Унафэ №120-ПП-мкIэ къищтам зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи а Программэм и гуэдзэнхэу №1-мрэ №2-мрэ щIэуэ къэхьын мы унафэм и гуэдзэнхэу №1-мрэ №2-мрэ зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министерствэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мазаем и 24-м *№38-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэм и IуэхукIэ» 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкIа Указ №108-УП-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министерствэм теухуа Положенэу мы унафэм щIыгъур къэщтэн.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм (техническэ лэжьакIуэхэр яхэмыту) я бжыгъэр нэхъыбэ дыдэу цIыху 27-рэ, улахуэхэмкIэ абыхэм я мазэ лэжьапщIэ фонду аппаратым щыIэхэм я къалэнхэр ягъэзэщIэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухаха сом мин 14788-м хуэдиз хъууэ гъэувын.
3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министерствэм хуитыныгъэ етын министрым и къуэдзэу щы, коллегием хэту цIыху 19 иIэну.
4. Къару ямыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм шыщхьэIум и 23-м къыдигъэкIа Унафэ №219-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм шыщхьэIум и 23-м къыдигъэкIа Унафэ №219-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм накъыгъэм и 26-м къыдигъэкIа Унафэ №128-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм шыщхьэIум и 23-м къыдигъэкIа Унафэ №219-ПП-мкIэ къищтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мазаем и 20-м кыдигъэкIа Унафэ №26-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм шыщхьэIум и 23-м къищта Унафэ №219-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм накъыгъэм и 4-м къыдигъэкIа Унафэ №113-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ
АБРЭДЖ Iэдиб

УIэгъэ хъуахэм ящIоупщIэ

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Васильев Сергей Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщыхъуа зэхэуэм уIэгъэ щыхъуа милицэм и лэжьакIуэхэм я деж щыIащ.

ДОХУТЫРХЭМ зэрыжаIамкIэ, уIэгъэ хъуахэм я узыншагъэм шынагъуэ иIэкъым, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псори ирагъэгъуэт. Министрыр щIэупщIащ зыхуеину хущхъуэхэкIхэр яIэмэ, фэбжь зыгъуэтахэм зыхуей хуэзэу якIэлъыплъыныр къызэрызэгъэпэщам. Абыхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ къыхуащI гулъытэм арэзы зэрытехъуар жаIащ икIи Васильев Сергей фIыщIэ хуащIащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«Урысей радио» каналымкIэ иджыблагъэ нэтын купщIафIэ екIуэкIащ. А радиом и пиар-унафэщI Лянге Маргаритэ интервью дищIащ ДАХ-м и япэ вице-президент, КъАХ-м и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ абы и къэкIуэнумрэ, Урыс-Кавказ илъэсищэ зауэм кърикIуа бэлыхьхэмрэ дуней псом щызэбгрыдза хъуа адыгэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэмрэ - апхуэдэ Iуэхугъуэхэм тещIыхьауэ щытащ екIуэкIа псалъэмакъыр.

2011 гъэм гъатхэпэм и 3-м къыдэкIа «Аргументы недели» газетым и «Национальный акцент» гуэдзэным къытрадзэжащ а интервьюр, ауэ авторым щыуагъэ зыбжанэ IэщIэкIащ. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жимыIахэр дыщIагъуащ, и псалъэхэм я купщIэр зэрахьэкIащ - апхуэдэ ныкъусаныгъэ хэр, мытэмэмыпIэ зыбжанэ иIэщ тхыгъэм. Псалъэмакъыр зэрекIуэкIам хуэдэу ттхыжауэ нобэ тыдодзэж.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд:

Хэхэс адыгэхэм я гур Урысей къэралымкIэ къэгъэзащ

●Лъэпкъ Iуэху

Тхыдэм къэгъазэ иIэжкъым - къэхъуар къэхъуащи, абы и дерсхэр къэплъытэурэ адэкIэ псэун хуейуэ аращ. 1763 - 1864 гъэхэм екIуэкIауэ щыта Урыс-Кавказ зауэм адыгэ лъэпкъыр дуней псом щызэбгридзащ. Хэхэс адыгэхэр хамэ къэралхэм зэрыщыпсэумрэ ахэр Урысейм къызэрыхуущытымрэ тхутепсэлъыхьащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

- Адыгэ лъэпкъым къызэщIеубыдэ шэрджэсхэр, адыгейхэр, къэбэрдейхэр. Ахэр езыхэр сыткIэ зэрызэщхьэщыкIыр?

- ЖыпIэнурамэ, къэбэрдейхэмрэ шэрджэсхэмрэ зыщ. Абыхэм я бзэхэр зэтохуэ, зэрыпсалъэхэр зы диалектщ. Адыгейхэм я анэдэлъхубзэр къэбэрдейхэмрэ шэрджэсхэмрэ яйм зэрытехуэр урысыбзэмрэ украиныбзэмрэ зэрызэщхьэщыкIым хуэдэущ. Нобэ дуней псом адыгэу тетщ цIыху мелуани 8-м нэс. Ахэр щопсэу Кавказым, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум хыхьэ къэралхэм, Тыркум, Австрием, США-мрэ Канадэмрэ, Франджым, Германием, Голландием, Инджылызым, Израилым, нэгъуэщI щIыналъэхэми. Къэбэрдей-Балъкъэрым исщ адыгэу мин 520-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсым - мин 50, Адыгейм - мини 100-м щIигъу.

- Апхуэдизу дуней псом тегуэша хъуным сыт адыгэхэр езыхулIар? Ахэр Iэпхъуэшэпхъуэным дихьэхыу ара?

- Адыгэхэмрэ урысхэмрэ нэхъапэми Iуэху зэхуаIэу, зэкIэлъыкIуэу щытами, 1557 гъэм дэ ди тхыдэр Урысейм нэхъри быдэу пыщIа хъуащ, Къэбэрдейм ипщ уэлий Идар Темрыкъуэ ипхъу Марие Грозный Иван щхьэгъусэу ишэри. Екатеринэ ЕтIуанэм нэсыху, урыс пащтыхь псоми дагурыIуэу, хъарзынэу дадекIуэкIыу дызэдэпсэуащ. АрщхьэкIэ Екатеринэ мурад ищIащ Кавказыр къарукIэ къищтэну икIи илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэшхуэр зэхиублащ. Адыгэ минипщI бжыгъэхэм я псэр ихьащ а мафIаем, куэд дыдэми я щIыналъэр Iэмалыншэу ябгынэн хуей хъуащ, тенджыз адрыщIымкIэ щыIэ хамэщIхэр псэупIэ ящIу.

Абыхэм къатепщIыкIа щIэблэрщ иджырей хэхэс адыгэхэр. Тыркум адыгэу щыпсэухэм я бжыгъэр мелуани 7-м нызэрохьэс, Сирием щыIэщ мини 120-рэ, Иорданием - мин 83-рэ, США-мрэ Канадэмрэ - мини 10-м щIигъу, Германием - мин 32-рэ. Инджылызым, Франджым, Австрием щопсэу ди лъэпкъэгъу мини 2-м нэс. Апхуэдиз щыIэу хуагъэфащэ Голландиеми. Галилее Ипщэм (Израилым) адыгэ къуажитI - Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ - щитIысыкIащ. А жылэхэм щопсэу адыгэ мини 4-м щIигъу.

Урысей Федерацэм и лъэпкъхэр къапщтэмэ, урысхэм къакIэлъыкIуэу адыгэхэрщ зи лъэпкъэгъу нэхъыбэ дыдэ хамэ щIыпIэхэр псэупIэ зыхуэхъуар.

- Адыгэ унэцIэхэр зэрызэрахьэм нэмыщI, лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм щыщ гуэрхэр яхъумэфа хэхэс адыгэхэм?

- Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху илъэс 45-м щIигъуауэ зызохуэ. Уеблэмэ жысIэфынущ хамэщI щыIэ адыгэхэр нэхъыфIу, нэхъ гъунэгъуу сцIыхуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэм еплъытмэ.

Сэ куэдрэ сыщыIащ ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу щIыпIэхэм, щыгъуазэ зыхуэсщIащ абыхэм я псэукIэхэм. ЖысIэфынуращи, абыхэм яхъумэфащ лъэпкъ щэнхабзэр, нэщэнэхэр, арщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди анэдэлъхубзэр зыщIэжхэр куэд хъурктым.

- Иордан пащтыхьым и щхьэхъумэ хэр шэрджэс защIэу жаIэ. Апхуэдэ щытыкIэр хэхэсхэр политикэ Iуэхухэм хэпщIауэ икIи къэрал властым хущIэкъуу зэрыщымытым епха?

- НэгъуэщIущ Iуэхур зэрыщытыр. 1921 гъэм, Иордан пащтыхьыгъуэр къыщызэрагъэпэщым, иджырей Сауд Хьэрыпым и щIыналъэхэм ирашри абы яшауэ щытащ иужькIэ пащтыхь хъуа Абдаллэ I. Ар илъэс зыбжанэкIэ щыпсэуащ абы щыгъуэ къуажэ цIыкIуу щыта Амман. А жылэм дэст адыгэ мини 5-м нэс, зы хьэрыпи яхэмыту. Абдаллэ дэIэпыкъуэгъу ищIауэ щытар абыхэм ящыщт, иужькIэ пащтыхь гвардие къызэригъэпэщащ, шэрджэс фIэкIа зыри хэмыту. Абы къыщыщIэдзауэ а хабзэр къокIуэкI, зимыхъуэжу.

Иорданием щыпсэу адыгэхэм ящыщ куэд къыпыщIащ адэжь лъахэм, ди Iуэху зэрыщIэу допсэу. Абыхэм яхэтщ анэдэлъхубзэр фIы дыдэу зыщIэ, куэдми щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щызрагъэгъуэтащ Налшык, Мейкъуапэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм.

Хуабжьу ди гуапэщ пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цIэр зезыхьэ адыгэ курыт школ илъэс 36-рэ хъуауэ Иорданием зэрыщылажьэр. Абы адыгэ сабийхэр щыхурагъаджэ адыгеибзэмрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ. Зи гугъу тщIы еджапIэм анэдэлъхубзэр щезыгъэджхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ икIа лэжьакIуэ куэд. Абыхэм ящыщщ сипхъу Дани.

- Иорданием нэмыщI, адыгэхэр щыпсэу адрей щIыпIэхэм дауэ щыщыт анэдэлъхубзэр хъумэным и Iуэхур?

- Зэхуэдэкъым. Псалъэм папщIэ, Израилым адыгэу щыпсэур мини 4-м щIигъуу аращ, ауэ псоми фIы дыдэу ящIэ я анэдэлъхубзэр. Иджыри къэс ахэр зыдэсар адыгэ фIэкIа щымыпсэу къуажитIщ. Хамэ лъэпкъхэм ящыщ къашэртэкъым икIи япхъухэр иратыртэкъыми, псори благъэ жыжьэ зэхуэхъуауэ щытащ. Иужьрей зэманым, Иорданием и пащтыхь Хъусейн бен ТIэлалрэ Израилым и премьер-министр Рабин Ицхьэкърэ къэрал гъунапкъэхэр зэIуаха нэужь, абыхэм нысэу яшэу, япхъу ирату хуежьащ Хьэшимит пащтыхьыгъуэм, Тыркум, Урысей Федерацэм щыщ унагъуэхэм.

Тыркум щыпсэу адыгэхэм я гугъу пщIымэ, адыгэбзэр зыщIэж ди лъэпкъэгъухэм я бжыгъэр зы мелуаным ныдэрыхьэсми аращ. Ипэ зэманхэм къэралым ис адыгэхэр я бзэкIэ уэрамхэм, IуэхущIапIэхэм щыпсэлъэну хуиту щытакъым. Аращ бзэр куэдым яIэщIэхуным щхьэусыгъуэ хуэхъуар. Нобэ Iуэхум фIыкIэ зихъуэжащ: адыгэбзэр щадж къэралым къыщызэрагъэпэщауэ щылажьэ кавказ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

Ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм ящыщ куэдым я цIэр фIыкIэ дуней псом щыIуащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Тыркур псэупIэ зыхуэхъуауэ щытахэу дунейпсо литературэм и классик Сейфетдин Омер, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща Пэмыкъу Орхьан, бэнэкIэ хуитымкIэ Олимп чемпион хъуахэу Догу Яшар, Къаплъэн Хьэмид, Аталай Мыхьмуд, маршалхэу ФуIэдпэщэ Дели, Зеки-пэщэ Бэрзэдж, Адхьэм-пэщэ Шэрджэс, премьер-министр Хьериттин-пэщэ Тунислу сымэ, нэгъуэщI политикэ, жылагъуэ, щэнхабзэ IэщIагъэлIхэри.

- Европэм Iэпхъуа шэрджэсхэм я Iуэхухэр дауэ щыт?

- Нобэрей европей адыгэхэр илъэс 30 - 40 и пэкIэ лэжьапIэ IэнатIэ къалъыхъуэу Тыркум, КъухьэпIэ Гъунэгъум и къэралхэм иIэпхъукIауэ аращ. Германием щетIысэхащ адыгэ мин 32-м нэс. Нэмыцхэм ахэр тыркуу ялъытэми, а щIыпIэм щолажьэ адыгэхэм къызэрагъэпэща лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэу 7. Апхуэдэ зэгухьэныгъэхэр щыIэщ нэгъуэщI европей къэралхэми. Ахэр псори къызэщIеубыдэ Шэрджэс щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм я европей федерацэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм хыхьэм.

- Сыт хуэдэ къалэнхэр иIэу къызэрагъэпэща ДАХ-р? Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм хуэгъэпса абы и IуэхущIафэхэр? Къэралыгъуэ щхьэхуэ къызэгъэпэщыным хуемыIэу пIэрэ ар?

- Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэн нэхъыщхьэ дыдэр адыгэ щэнхабзэр, хабзэр, анэдэлъхубзэр хъумэным елэжь лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэу дуней псом щыIэхэм я зэфIэкIхэр зэуIу щIыныр щ, абыхэм я лэжьыгъэхэр зэтеублэнырщ, зегъэкIуэнырщ. Лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэр - бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр - къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэныр, ахэр егъэфIэкIуэныр, джыныр лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхушхуэщ. Аращ ДАХ-м и дежкIэ нэхъыщхьэр.

Шэрджэс къэралыгъуэ къызэгъэпэщыныр зи гум щызыгъафIэу щытахэр жыжьэ мыплъэф цIыхухэрт. Апхуэдэ мурадхэм егупсыс ноби щыIэу къыщIэкIынщ, ауэ абы папщIэ дыкъыхэкIыжын хуейщ дызыхэт Урысей Федерацэм. Адыгэхэр хуейкъым къэралым къыхэкIыну. Илъэс мин хъуауэ адыгэхэмрэ урысхэмрэ къызэдогъуэгурыкIуэ. Шэрджэсхэр хэтащ Урысейм къызэригъэпэща зауэ зекIуэхэм. Адмирал Ушаков Федор къызыхэкIа лъэпкъым щытепсэлъыхьыжым, итхыгъауэ щытащ ар и лIакъуэкIэ адыгэу зэрыщытыр. Урысей къэралым ди гъащIэр етпхащ дэ XVI лIэщIыгъуэм икIи а гъуэгум дыкъытекIыну дигу илъкъым.

- Хэхэс адыгэхэм, журтхэр Израилым зэрыIэпхъуэжым хуэдэу, я адэжь хэкум зэуIуу къагъэзэжыну я мураду пIэрэ?

- XX лIэщIыгъуэм и кIэухым Косовэ къыщыхъуа лъыгъажэ зауэм кърикIуащ кIахэ адыгэ хэм ящыщу цIыхуи 135-м нэс Урысей Федерацэм къэIэпхъуэжыныр. Ахэр Iэмалыншагъэм ирихулIауэ щытащ а лъэбакъуэм. Дэ дыхуейкъым КъуэкIыпIэ Гъунэгъум хыхьэ къэралхэм, Тыркум, Европэм, США-м, нэгъуэщI щIыналъэхэми щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм апхуэдэ IэмалыншагъэкIэ, хэкIыпIэншагъэкIэ икIи гузэвэгъуэкIэ ди щIыналъэм къагъэзэжыну. КърекIуэж ахэр, адэжь лъахэм хуаIэ лъагъуныгъэмрэ хэкупсэ гурыщIэмрэ я гъуэгугъэлъагъуэ, я гъащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэ щыхъуам деж.

Адыгэхэр дэнэ щIыпIэ щыпсэуми, сыт хуэдэ бзэкIэ псалъэми, я гумрэ я псэмрэ къыхуэгъэзащ Урысейм - я хэкужьыр здэщыIэ щIыналъэм, зи лIыкIуэу залъытэж къэрал лъэщым.

Епсэлъар
ЛЯНГЕ Маргаритэщ,
«Урысей радиом» и корреспондент.

●Хъыбар гуапэ

Егугъуу щыкIэлъоплъ

КъБР-м и Къэрал заказникхэм я дирекцэм мы гъэм зэрыщагъэбелджыламкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тхылъ плъыжьым иратхахэри хэту, губгъуэ, мэз псэущхьэхэм я бжыгъэм республикэм щыхэхъуащ.

АР КЪРИКIУАЩ дирекцэм и IэщIагъэлIхэм зэпымыуу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Къапщтэмэ, мы гъэм мыщэ гъуабжэхэм - 2, мэз бжэнхэм - 5, къурш бжэнхэм - 10, мэзджэдхэм - 50, къурш ажэхэми апхуэдиз, европей щыхьэхэм - 20, мэз джэдухэм - 16, бажэхэм - 54, уашхэхэм - 20, бгъэхэм - 10 къахэхъуащ.

Псэущхьэ яхъумэхэм я хэщIапIэхэм щытыкIэ тэмэм къыщызэригъэпэщын мурадкIэ, дирекцэм биотехникэ Iуэхугъуэхэр ирегъэкIуэкI. Къэрал заказникхэм нэгъабэ хущхъуэкIэ зэхащIэ и зыгъэпскIыпIэу 530-рэ къыщагъэщIэрэщIэжащ, шхалъэу 8 щагъэуващ, мэкъуу тонни 6-м щIигъу щагъэхьэзыращ, шыгъу кIанэу тонни 7-м нэблагъэ щагъэтIылъащ. КIэлъыплъыныгъэхэр щрагъэкIуэкIым хэхауэ яхъумэ щыпIэхэм зэранщIакIуэу 91-рэ щаубыдати, щыIэ хабзэм тету етхьэкъуащ.

ХЬЭМДЭХЪУ Сурен.

Урыс-Кавказ зауэм и лIыхъужь ЩэрэтлIокъуэ Къазбэч и цIэр лъэпкъ тхыдэм къыхэнащ. Куэшхьэблэ районым (Адыгэ Республикэ) ит мы сурэтышхуэм егъэлъапIэ абы и лIыгъэр, и зэфIэкIыр.
Сурэтыр **ПЩЫХЬЭЩIЭ Юрэ** *трихащ.*

Си еджапIэ - си къежьапIэ

Я лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

• ЗэIущIэхэр

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий мазаем и 10-м пресс-конференц иригъэкIуэкIащ. Ар зэхэхауэ тепсэлъыхьащ мы зэманым егъэджэныгъэ Iэна тIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм, щIэныгъэ лъагэ ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъхьэн Iуэхур зэрыубзыхупхъэм, улахуэ тыкIэщIэм, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрырагъэкIуэкIым, нэгъуэщIхэми.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий

АПХУЭДЭУ абы къыхигъэщащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хэту ягъэзащIэ Iуэхухэм къызэрыпащэнум. Къапщтэмэ, нэгъабэ ирагъэкIуэкIа «Илъэсым и егъэджакIуэ» зэпеуэм щытекIуахэм ящыщу 8-м федерал бюджетым къыхэкIыу дэтхэнэми сом мин 200 иратащ, республикэр егъэджакIуэ 15-м сом мин 50-м щегъэжьауэ сом мини 100-м нэскIэ яхуэупсащ. Мыхьэнэшхуэ зратхэм ящыщщ щIалэгъуалэ зэчиифIэр дэIыгъын Iуэхури. Абы ипкъ иткIэ ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэрызыгъэхьа ныбжьыщIэ 30-м федерал бюджетым къыхэкIыу сом мин щэщI-щэщI иратащ. Абыхэм яхэтщ илъэс зыбжанэ хъуауэ апхуэдэ ахъшэ саугъэт зыхуагъэфащэхэр,- жиIащ министрым. Ар щыхьэт тохъуэ къыхуащI гулъытэм абыхэм я лъэр нэхъ зэрыщIигъэкIым, Iуэхум нэхъ зэрытригъэгушхуэм».

Щхьэгъэпсо Сэфарбий и гугъу ищIащ республикэм и школхэр псори компьютеркIэ къызэрызэгъэпэщам, интернетым ирилэжьэну дэтхэнэми Iэмал зэриIэм. «Пэжщ, - къыхигъэщащ абы, - еджапIэхэм яIэ компьютерхэр псори къапщтэмэ, абыхэм я процент 40-р жьы хъуащ. КъБР-ми Президентым и унафэкIэ хуэм-хуэмурэ ахэр щIэкIэ зыдохъуэкI».

2010 гъэм къызэIуахащ сабий ныкъуэдыкъуэхэр я унэм щегъэджэжыныр къызэзыгъэпэщ центр. Иджыпсту апхуэдэу сабии 177-рэ ирагъаджэ, фокIадэм и 1-м абыхэм иджыри ныбжьыщIэ 200 къахэхъуэнущ. Абыхэм ядэлэжьэну егъэджакIуэ 54-м я щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ хагъэхъуащ, апхуэдэу адэ-анэхэри Iуэхур зэрекIуэкIынум хагъэгъуэзащ. А Iуэхум и къызэгъэпэщыным хухах мылъкум и нэхъыбэр федеральнэ бюджетым къыхокI, иджыпсту псори зэхэту абы текIуэдащ сом мелуан 63-рэ.

Сабий мащIэ зыщIэс курыт школхэм щытепсэлъыхьым Щхьэгъэпсом жиIащ апхуэдэ еджапIэу республикэм 28-рэ зэрыщыIэр, абыхэм ящыщу нобэр къыздэсым зыри зыры-зэхуамыщIар адэкIи апхуэдэ муради зэрамыIэр.

- Иужьрей зэманым псори топсэлъыхь ЕгъэджэныгъэмкIэ къэрал стандартыщIэм, - жиIащ министрым. - Абы епха упщIэ куэд къоув, ахэр щызэфIах псалъэмакъхэр щрагъэкIуэкI УФ-м и Къэрал Думэм, министерствэхэм, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм. А Iуэхум кIэлъыплъ къэпщытакIуэ гупым абы и лъэныкъуэкIэ зыIууэ гугъуехь псори къалъытэ икIи зэхъуэкIыныгъэхэр стандартыщIэм халъхьэ. ПэщIэдзэ еджапIэм щIэс цIыкIухэр абы техьэнущ фокIадэ мазэм. 2012 гъэм 5 - 9-нэ классхэм щеджэхэр абы хуэкIуэнущ. 2020 гъэм стандартыщIэм хуэкIуэнущ 10 - 11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэри.

Улахуэ тыкIэщIэм псори арэзы къызэримыщIыр журналистхэм къыщыхагъэщым, министрым жиIащ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр зи лэжьыгъэр ехъулIэныгъэ иIэу езыхьэкIым дежкIэ IэмалыфI дыдэу зэрыщытыр. Къалъытэ егъэджакIуэм иIэ зэфIэкIыр, и гъэсэнхэр еджэным зэрехъулIэр, классым щIэс цIыху бжыгъэр. Псалъэм папщIэ, егъэджакIуэ зыбжанэм къахь улахуэу сом мин 24-26-рэ. Ику иту нобэ республикэм и егъэджакIуэ хэм я улахуэр сом 10.078-рэ мэхъу.

Сабийхэм я шынагъуэншагъэм и гугъу щищIым, Щхьэгъэпсо Сэфарбий къыхигъэщащ еджапIэм гузэвэгъуэ къыщыхъу хъумэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм псынщIэу хъыбар зэребгъащIэ IэмэпсымэхэмкIэ ахэр псори къызэрызэгъэпэщар, республикэм и интернатхэм жэщи-махуи видеокIэлъыплъыныгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Толстой Лев жиIэгъауэ щытащ: «Сабийхэр фIыуэ зылъагъу егъэджакIуэр адэанэм ещхьщ - ар нэхъыфIщ щIэныгъэшхуэ зиIэ, ауэ цIыкIухэм хуэгущIыIэ егъэджакIуэм нэхърэ. ЕгъэджакIуэм щIэныгъэфI бгъэдэлърэ сабийхэри фIыуэ илъагъумэ, апхуэдэращ егъэджакIуэ нэскIэ узэджэнур». А цIыху щэджащэм и псалъэхэр епхьэлIэ хъунущ Аруан куейм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм щыпсэу Гъуэгунокъуэ Къэралбий - егъэджакIуэ унагъуэм и нэхъыжьыфIым, зауэлI нэсым, IэщIагъэлI щыпкъэм. Къэралбий и унагъуэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм холэжьыхь, псори зэгъусэу къапщтэмэ, илъэси 180-м щIигъуауэ.

ХЭКУ зауэшхуэр щыщIидзам щыгъуэ, егъэджакIуэ Гъуэгунокъуэ Къэралбий и ныбжьыр илъэс 18-м фIэкIа къудейт. Школ нэужьым егъэджакIуэ курсхэм мазихкIэ щеджа щIалэщIэр егъэджакIуэу къагъэкIуэжат IэщIагъэлI зыхуримыкъу къуажэ школ №2-м. Лэжьыгъэм щIэхыу хэзэгъат Къэралбий. Зи IэнатIэри сабийхэри фIыуэ зылъагъу щIалэм и гуи и пси зэIухауэ Iуэхур ирихьэжьат, арщхьэкIэ зауэр къэхъейри, и мурадыфIхэр къызэтрикъутащ.

Езым хуэдэ зи щIалэгъуэ минхэм ящIыгъуу Гъуэгунокъуэр зауэм дэкIащ икIи Хэку щхьэхуитыныгъэм зыкъытезышэщIа бий бзаджэм псэемыблэжу пэщIэуващ. Къэралбий и зауэ гъуэгуанэр жыжьэ нэсащ. Связист хахуэр щызэуащ Дон Iус Ростов, Сталинград къалэхэм я Iэшэлъашэхэм, Украинэр, Белоруссиер, Польшэр, Германиер фашистыдзэм къаIэщIэзыхыжу хуит зыщIыжа советыдзэхэм яхэтащ. Къигъэлъэгъуа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ папщIэ, Гъуэгунокъуэм къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэ орденым и 2-нэ нагъыщэр, «Хахуагъэм папщIэ», «Зауэ лIыхъужьыгъэм папщIэ», «Сталинград зэрахъумам папщIэ», «Варшавэ хуит къызэращIыжам папщIэ», «Берлин къызэращтам папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалхэр, Командующэ Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкI щытхъу, фIыщIэ тхылъу 11.

●Ди нэхъыжьыфIхэр

Гъуэгунокъуэ Къэралбий и унагъуэр щIыгъуу.

Адэм и лъэужь

ТекIуэныгъэр къихьу къэкIуэжа нэужь, Къэралбий фIыуэ илъагъу IэнатIэм щыпэрыувэжащ щалъхуа къуажэм дэт курыт школ №3-м. ПэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу лажьэурэ, абы къихуащ Осетие Ищхъэрэ къэрал институтым и биологие, географие факультетхэр. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, гудзакъэ зиIэ, жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъ IэщIагъэлIыр куэд дэмыкIыу школым и унафэщIу ягъэуващ икIи илъэс 30-кIэ а къулыкъур ныкъусаныгъэншэу ирихьэкIащ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэр къуажэми куейми щегъэфIэкIуэным хуэгъэпса Iуэхугъуэ куэд зэфIихащ Къэралбий а зэманым къриубыдэу. Къуажэ сабийхэр еджапIэм щIэхуэртэкъыми, абы къегъэбыдылIа жыг хадэм кърах хьэрыр и лъабжьэу, абы и жэрдэмкIэ школым къыпащIыхьауэ щытащ класс пэши 5. Абы иужькIэ мастерской зэпэщ къызэIуахащ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым асфальт тралъхьащ школым ухуэзышэ лъэс лъагъуэхэм, гъуэгушхуэм. Апхуэдэурэ зэман кIыхькIэ щытыкIэм къикIащ унафэщIыр. ИкIэм-икIэжым 1977 гъэм къуажэм дащIыхьауэ щытащ къатищу зэтет еджапIэ дэгъуэр.

Илъэс 53-кIэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрыта Къэралбий и псэ хьэлэл лэжьыгъэм къэрал гулъыти игъуэтащ. Абы къыхуагъэфэщащ орденхэр, медалхэр, мызэ-мытIэу къратащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр. Апхуэдэу Гъуэгунокъуэр зыбжанэрэ хахащ къуажэ, куей советхэм я депутату, зауэм и ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэуи щытащ.

- ПщIэуэ сиIэ псоми ящыщу си дежкIэ нэхъыщхьэр си гъэсэнхэмрэ си лъэужьым ирикIуа си щIэблэмрэ я ехъулIэныгъэхэрщ, - жеIэ Къэралбий. - Уи Iуэхур адэкIэ зыгъэкIуэтэн, уэ пхыпша лъагъуэр гъуэгу бгъуфIэ зыщIын нэхъыщIэ уи ужь къиувэныр ар фIыгъуэшхуэу къызолъытэ.

Абы и лъэныкъуэкIэ Гъуэгунокъуэм и куэдщ зэрыгушхуэнрэ зэрыпэгэнрэ. ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм и гъэсэнхэм ящыщу мащIэкъым IэщIагъэлI цIэрыIуэ къызэрыщIыкIахэр, щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я кандидат, доктор хъуахэр, «профессор» цIэ лъагэхэр зезыхьэхэр.

Апхуэдэу Къэралбий и лъэужьым ирикIуащ и бынхэри. Абырэ и щхьэгъусэ Забинэтрэ я быниплIри егъэджакIуэ хъужахэщ. Быным я нэхъыжь Лорэ илъэс 43-рэ хъуауэ школым щолажьэ, библиотекэр и IэмыщIэ илъщ, психологщ. Лорэ и щхьэгъусэ Битэхъу Бориси, я къуэ Хьэсэни я нысэ Алени егъэджакIуэныр IэщIагъэу къыхахащ.

Къэралбий ипхъу курыт Неля пэщIэдзэ классхэм щылэжьащ илъэс 30-м щIигъукIэ. Щалъхуа къуажэм егъэджэныгъэ IэнатIэм щыпэрыхьа бзылъхугъэм абы щыпищащ унагъуэ щиухуа Къэхъун жылэм дэт курыт школ №2-м. Зы щIэблэкъым Неля гъуэгу захуэ тригъэувар. ЕгъэджакIуэм къахуищIа фIыр ягу илъу, абы и гъэсэнхэм ноби псалъэ гуапэхэр къыхужаIэ я унэтIакIуэм.

- Географием сыдезыгъэхьэхар си адэращ. Абы и дерсхэр гъащIэм гъуэгугъэлъагъуэ щысхуэхъуащ, - жеIэ зэшыпхъухэм я нэхъыщIэ Лидэ.

Лидэ географиер щрегъэдж Къэхъун дэт курыт школ №1-м. Илъэс 38-рэ лъандэрэ IэнатIэм пэрыт бзылъхугъэм и гъэсэнхэм увыпIэфIхэр къыщахь куей, республикэ олимпиадэхэм. Иджыблагъэ абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъыр.

Быным я нэхъыщIэ Владислави и адэм и лъэужьым ирикIуащ. Абы илъэс зыбжанэкIэ зыдихьащ егъэджакIуэнымрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ, хэхыныгъэхэм хэту. Иджыпсту Владислав и унафэщIщ и адэр илъэс 30-кIэ зи пашэу щыта курыт школым.

Апхуэдэ щIэблэ дахэ къыщIэхъуащ Гъуэгунокъуэ Къэралбий, зауэлI хахуэм, егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм. Куэдрэ хремыгъуащэ абы и лъэужьыр.

КIАСЭ Iэсият. *Аруан куей.*

• Дэ къытхуатх

КъэкIуэнур зи плъапIэ

Къалащхьэм дэт сабий IуэхущIапIэхэм ящыщу зи лэжьыгъэм фIыуэ ехъулIэ, абыкIи цIыхухэм я арэзыныгъэр къэзыхьхэм ящыщу къыдолъытэ курыт школ №24-м епхауэ лажьэ сабий сад №64-р. Сыт хуэдэ зэмани абы и лэжьакIуэхэр гумызагъэщ, я IэнатIэр пэжу ирахьэкI.

АфIэунэ Марьянэ

ДИ САБИЙХЭМ я къэухьым, дуней еплъыкIэм зрагъэужьын папщIэ, абы лэжьыгъэ купщIафIэ куэд къыщызэрагъэпэщ, гупжьей зэхуэмыдэхэр щолажьэ. Егъэн Риммэ зи унафэщI сабий IуэхущIапIэм и IэщIагъэлI псори зы унагъуэшхуэм хуэдэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу я къалэнхэр ирахьэкI. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр дэ, адэ-анэхэм, нэрылъагъу тщохъу ди сабийхэр зыдэкIуэ, АфIэунэ Марьянэ зи гъэсакIуэ гупым щекIуэкI лэжьыгъэхэмкIэ. Марьянэ цIыкIухэм ядрегъэкIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ купщIэхэр зыщIэлъ дерсхэр. Апхуэдэу абы гулъытэншэ ищIыркъым адыгэ махуэгъэпсым къыщыгъэлъэгъуа махуэшхуэхэри.

Ди сабийхэм я гъэсакIуэхэм, Егъэн Риммэ зи пашэ гупым, дохъуэхъу я хъуэпсапIэхэм я Iэр техуэу, ехъулIэныгъэщIэхэр яIэу, щIэблэ узыншэ лъэпкъым хуагъасэу куэдрэ лэжьэну.

Сабий сад №64-м зи бын екIуалIэ адэ-анэ гуп.

●Фэеплъ

Псэ къулеигъэ

ЩыIэщ цIыху, езыр дунейм темытыжми, къыдэпсэуахэм псэкIэ, IуэхущIафэхэмкIэ, дуней еплъыкIэмкIэ, лъэужь дахэмкIэ къахэнэ. Ауэ щыхъукIи, Iэмал имыIэу щыткъым ар уи Iыхьлыуэ е уеблэмэ уи лъэпкъэгъуу щымытыну. ЦIыхугъэ лъагэмрэ псэ къулеигъэмрэ Тхьэшхуэм зэригуэшыр зыщыщ лъэпкъымрэ и теплъэмрэ елъытауэкъым, атIэ дэтхэнэми и гупсысэрэ IуэжькIэ хуегъэфащэ. ЦIыху гуапэхэм ящыщт Щхьэлыкъуэ къуажэм илъэс куэдкIэ дэса, абы и курыт школ №1-м тхыдэмкIэ егъэджакIуэу щылэжьа Коммодовэ Ольгэ. Щыпсэум абы къыхуэарэзыуэ щытащ къуажэдэс балигъхэри ныбжьыщIэхэри, щIэблэм щIэныгъэ, гъэсэныгъэ дахэ яриту зэрыщытам къыхэкIыу. Иджы, дунейм щытемытыжми, Ольгэ фIыкIэ ягу къинащ зыцIыхуу щытахэм, иригъэджахэм, къыдэлэжьахэм.

АДЫГЭ лъэпкъым хэсу, абы и хабзэр ищIэрэ пщIэ хуищIу къэпсэуащ Ольгэ. И сабиигъуэм щыщу абы нэхъ игу къинэжахэм ящыщт я унагъуэм и псэупIэр щIэхщIэхыурэ ихъуэжу зэрыщытар: Ольгэ и адэ Петренкэ Фёдор связистхэм яхэту лажьэрти, ди республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм а гупым телефон кIапсэ хэр чэзууэрэ щаукъуэдийрт, апщIондэхукIи я унагъуэхэр я гъусэу зыщылажьэ щIыпIэм Iэпхъуэн хуей хъурт.

- Гукъинэ сщыхъуахэм ящыщщ Алътуд къуажэм дыщыщыпсэум ди гъунэгъуа Фаризэт нанэ. Жьэгу мафIэм пэрыт тебэшхуэкIэ игъэжьа кIэртIоф дэлэн мащIи дигъэшха абы! Апхуэдэу Бахъсэн аузым дыщыщыIам шху щыIэ къытхуэзыхьрейуэ щыта Зухраи и нэгу зэлъыIухар куэдрэ сщыгъупщэжакъым. Апхуэдэу псэкIэ гъунэгъу сахуэхъуауэ щытащ адыгэхэми балъкъэрхэми, - тепсэлъыхьыжырт Ольгэ и сабиигъуэм.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ, Петренкэ хэ я унагъуэр Налшык къэIэпхъуакIэт. Ольгэ и адэр зэман кIыхькIэрэ ежьэрт: партым и унафэкIэ, абы республикэм и Къэрал архивыр и хьэлъэзешэ машинэмкIэ Куржым игъэIэпхъуэрт. ИужькIэ Фёдор зауэм дэкIащ. А зэман хьэлъэр, псом хуэмыдэу нэмыцэхэр ди щIыналъэм щыщыIар, мыхъурым и лъэужь хэмыгъуэщэжу, Ольгэ и гум къинат. Анэ сымаджэм кIэлъыплъыныр, шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIу мэжалIэм и гур фIы щIыныр, еджэныр, я школым къыщызэIуаха госпиталым щылэжьэныр, Iэжьэ цIыкIукIэ чы гъур Брамтэ мэзым къишыныр - а псори, зэбгъэтIылъэкI хъун зыри яхэмыту, пщэрылъ хуэхъуат ныбжьыщIэм. А къалэнхэр зэригъэзэщIэн къару къызыкъуихыфащ бзылъхугъэ цIыкIум. КъинэмыщIауэ, абыхэм къадэкIуэу, нэмыцэхэр ди щIыпIэм ирахужа нэужь, Налшык и Александровкэ хьэблэм щыIэ клубым и унафэщIуи, гъэмахуэ лагерхэм къыщызэхуэс сабийхэм я пионервожатэуи лэжьащ.

1946 гъэм Оля и адэр зауэм къикIыжащ, сымаджэ хьэлъэу. Куэд дэмыкIуи дунейм ехыжащ. Ари удын хьэлъэ яхуэхъуащ Петренкэхэ я унагъуэм.

Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, еджэным зи нэ къыхуикI Ольгэ щIэтIысхьащ Къэбэрдей къэрал пединститутым тхыдэмкIэ и факультетым. ФIы дыдэу еджащ, гупым и комсоргыу, комсомолым и къалэ комитетым и бюором хэту щытащ. ЩIэныгъэ куурэ фIыуэ илъагъу IэщIагъэрэ зэзыгъэгъуэта бзылъхугъэ ныбжьыщIэр лэжьакIуэ ягъэкIуащ Щхьэлыкъуэ дэт курыт школым. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм щIэх дыдэу хэзэгъащ Ольгэ. Ар щытащ класс унафэщIу, тхыдэмрэ географиемрэ езыгъэджхэм я школ, куей зэгухьэныгъэхэм я унафэщI къалэныр илъэс 20-м щIигъукIэ къызыхуэтыншэу ирихьэкIащ. Апхуэдэу куэдрэ лекцэ къахуеджащ зи щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну республикэ институтым къекIуалIэ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм.

Тхыгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ Ольгэ школым къыщызэригъэпэщауэ щыта хэкурыдж музейм. А зэманым ирихьэлIэу дэ зэщхьэгъусэ дыхъуакIэт икIи зыр адрейм сыткIи щIэгъэкъуэн, чэнджэщэгъу дыхуэхъуу дызэдэпсэурт, дызэдэлажьэрт. И классым и зы плIанэпэу къежьа а музейм, зиужьурэ, япэ щIыкIэ зы пэш щхьэхуэ хъуащ, иужькIэ Iыхьищу зэхэт гъэлъэгъуэныгъэ ин къищIыкIащ. Музейм щIэтлъхьэну дэфтэрхэмрэ хьэпшыпхэмкIэ гугъуехьышхуи дыхэтакъым. Зи адэжь хэкум, щалъхуа щIыналъэм я тхыдэр зыджыжыну хуей, абыхэм я къекIуэкIам ехьэлIа къэ хутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIыну щIэхъуэпс ныбжьыщIэ хэм, «я щхьэ хэтIауэ» жыхуиIэм хуэдэу, Iуэхум яужь ихьащ. Абыхэм къаугъуеижырт я унагъуэцIэхэм, лъэпкъхэм я тхыдэр, абы теухуауэ къуажэм и нэ хъыжьхэр къагъэпсалъэрт, адыгэхэм, балъкъэрхэм ипэкIэ зэрахьэу щыта щыгъынхэм, къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэм ящыщу ягъуэтыр музейм къахьырт. НыбжьыщIэхэм я мызакъуэу, лэжьыгъэм къыхыхьат къуажэдэс нэхъыжьхэри. Апхуэдэу ХьутIэ ТIэмашэ ди школ музейм тыгъэ къыхуищIауэ щытащ и адэшхуэм къыщIэнауэ иIэ гъукIэ Iэмэпсымэхэр, езым и IэдакъэщIэкI хьэпшыпхэри я гъусэу.

Дауи, а Iуэху дахэ псоми я зэхэублакIуэт икIи я жэрдэмщIакIуэт Ольгэ. ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм, хэкупсэ щыпкъэм къыгурыIуат и щIыналъэр, фIыуэ илъагъу щIыпIэм ехьэлIа псори дэтхэнэ цIыхум и дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу зэрыщытыр. Ди республикэм и тхыдэр, географиер курыт школым щыджыпхъэу япэу жызыIахэм ящыщащ Ольгэ. ИужькIэ, илъэс 40 дэкIауэщ, ахэр предмет щхьэхуэу школ программэхэм щыхагъэхьар. Ауэ апхуэдэ унафэм ежьакъым егъэджакIуэр, атIэ хэкурыдж лэжьыгъэшхуэ сабийхэм ядригъэкIуэкIыу сыт щыгъуи лэжьащ. И гъэсэн къэхутакIуэ ныбжьыщIэхэр и гъусэу ар мызэ-мытIэу щыIащ ди лъахэгъуэхэр щызэуа щIыпIэхэу Москва, Санкт-Петербург, Киев, Волгоград, Новороссийск, Днепропетровск, Севастополь къалэхэм, дэфтэр куэди къагъуэтыжащ абыхэм ятеухуауэ.

Лъэпкъ тхыдэр джыным, абы ехьэлIа къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыным Ольгэ дригъэхьэхащ ныбжьыщIэ куэд. Абы и гъэсэнхэм ящыщу цIыху 18 тхыдэмкIэ егъэджакIуэ хъужахэщ, кандидат, доктор диссертацэхэр зыгъэхьэзырахэри яхэту. КъБР-м и Лъэпкъ хэкурыдж музейм илъэс куэдкIэ и пашэу щытащ Ольгэ иригъэджахэм ящыщ, археолог цIэрыIуэу, щIэныгъэлI щыпкъэу псэуа КIэрэф БетIал. И гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэхэм иригушхуэу, нэхъри лэжьыгъэм трагъэгушхуэу и IэнатIэм гурэ псэкIэ пэрытащ егъэджакIуэр.

Апхуэдиз лэжьыгъэ школым зэрыщригъэкIуэкIым къыдэкIуэу, Ольгэ унэгуащэ хъарзынэт, бынищым я анэ гумащIэт, пхъурылъхухэм я анэшхуэ IэфIт. Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, ди бынхэм благъэ тхуащIахэр адыгэ унагъуэхэт. Апхуэдэхэщ Хъарзынэхэ, Шырытхэ, Бетрожьхэ, Алэкъейхэ я лъэпкъхэр.

БлагъагъэкIэ къэдмыубыдми, къуажэдэсхэми хуабжьу пщIэшхуэ къыхуащI ди унагъуэм. Апхуэдэ гурылъ хуабэр дэ зыхэтщIащ Ольгэ дунейм щехыжа зэманым. Зы урыси ипэкIэ щыщIамылъхьа къуажэкхъэм пщIэ щиIэу щыщIалъхьэжащ си щхьэгъусэр. Ди гуауэр къыддэзымыгуэша Щхьэлыкъуэм къыдэмынами ярейт. Адыгэ хабзэри щэнхабзэри гукIи псэкIи гъунэгъу зыхуэхъуа дэ апхуэдэ гулъытэр гуапэ лей тщыхъуауэ щытащ.

Ольгэ и цIэр фIащыжащ ди школ хэкурыдж музейм. Абы япэ щIашэ дэтхэнэ сабий гупми жраIэ музейр къызэзыгъэпэщауэ щыта егъэджакIуэм теухуа псалъэ. Ольгэ хуэдэу, хэкупсэу, цIыхур фIыуэ ялъагъуу, дзыхь къыхуащIа дэтхэнэ Iуэхури и кIэм нагъэсу, цIыху пэжу псэунхэу ныбжьыщIэхэр къыхураджэ.

КОММОДОВ Геннадий, *егъэджэныгъэм и ветеран. Щхьэлыкъуэ къуажэ.*

Коммодовэ Ольгэ

Хэкурыдж музейм.

Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъхэр

Дэтхэнэ зыми ищIэу къыщIэкIынщ школым сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэрэ къалэн инрэ игъэзащIэу зэрыщытыр. Сабийр бгъэсэныр, абы и псэр щIэныгъэм хуэбгъэушыныр, къыдэпхьэхыныр икIи балигъ гъащIэм хуэбгъэхьэзырыныр икъукIэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнщ, абы къищынэмыщIауи, гугъущ. Абы къыхэкIкIэ къэралри а Iуэхур зэрефIэкIуэным хущIэкъу зэпытщ.

Къуэжей Валерэ

НОБЭ ди къэралым гулъытэ ин хуещI курыт еджапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным. ЕгъэджакIуэхэм лъэкIыныгъэ яIэщ я IэщIагъэм хагъэхъуэну, я щIэныгъэм хьер къыдагъэкIуэну. Урысейм илъэс зыбжанэ хъуауэ щокIуэкI «Егъэджэныгъэ» къэралпсо лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къызэрагъэпэща зэпеуэхэр. ЛэжьыгъэфI щызэфIах курыт школхэр хохьэ абы, я зэфIэкIыр адэкIи зэрырагъэфIэкIуэн Iэмалхэр къалъыхъуэу. А зэхьэзэхуэм 2008 гъэм хыхьахэм икIи сом мелуан къэзыхьэхуахэм ящыщщ Тэрч куейм хыхьэ Новэ-Хьэмидей къуажэм дэт курыт школыр.

Абы и унафэщI Къуэжей Валерэ зэрыжиIэмкIэ, лъэпкъ проектымкIэ школым къихьа мылъкур икъукIэ сэбэп хъуащ IэнатIэр егъэфIэкIуэнымкIэ: школыр зэрахьащ, хуабэ зэрыкIуэ бжьамийхэр зыхуей хуагъэззэжащ, унэлъащIэ щIэуэ зэрагъэпэщащ, компьютерхэр къащэхуащ, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри иризэфIагъэкIащ.

Зи IэнатIэм хуэIэижь, зи къалэнхэр ныкъусаныгъэншэу зэфIэзых IэщIагъэлIщ Къуэжейр. Валерэ школ унафэщI IэнатIэм зэрыпэрыт илъэсхэм кърииубыдэу еджапIэм хэпщIыкIыу зиужьащ, ехъулIэныгъэфIхэри зыIэригъэхьащ.

- Ди еджапIэм къекIуалIэ сабийхэм щIэныгъэ куу, гъэсэныгъэ екIу зэредгъэгъуэтыным дыхущIокъу гупыр. Программэм къигъэув мардэхэм дытету зэфIыдох егъэджэныгъэм пыщIа лэжьыгъэхэр. Дерсхэм къадэкIуэу, ди еджакIуэ цIыкIухэм папщIэ школым щолажьэ гупжьей зэмылIэужьыгъуэ куэд. Абыхэм йокIуалIэ ди гъэсэнхэм я нэхъыбапIэр, щхьэж дэзыхьэх унэтIыныгъэм елъытауэ. Апхуэдэу щIалэгъуалэр мыхъумыщIагъэхэм димыхьэхыным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэри щыдогъэкIуэкI еджапIэм. Абыхэм я щапхъэщ «Дэ наркотикым дрибийщ», «Хабзэм пщIэ хуэщI, гъэзащIэ», «НыбжьыщIэхэмрэ узыншагъэмрэ» пшыхьхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къыдогъэблагъэ IэщIагъэлI зэхуэмыдэхэр, псалъэмакъ щхьэпэхэри щокIуэкI, - жеIэ школ унафэщIым. - ЕхъулIэныгъэу зыIэрыдгъэхьэхэр езыр-езыру къытхуэкIуэркъым - дэтхэнэми и щIыбагъ къыдэлъщ ди IэщIагъэлIхэм я лэжьыгъэ купщIафIэ, зэфIэкI лъагэ.

«Илъэсым и егъэджакIуэ», «ЦIыхубэ егъэджэныгъэм и отличник», нэгъуэщI цIэ лъапIэхэри хуагъэфэщащ, Iэзагъышхуи яхэлъу мэлажьэ Дадэ Мухьэжыр, Бэрэгъун Гуащэнэ, Абазэ Жаннэ, Дадэ Людмилэ сымэ. Ахэр я щапхъэщ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм. Зи пщэрылъ къалэнхэр екIуу зымыгъэзащIэ яхэмытми ярейщ IуэхущIапIэм. Аращ школым и гъэсэнхэм куей, республикэ олимпиадэхэм, зэхьэзэхуэхэм, нэгъуэщI зэпеуэхэм увыпIэфIхэр къыщIыщахьыфыр.

ЕджапIэм иIэ ехъулIэныгъэхэр нэсу наIуэ къэзыщIщ ар къэзыуххэм ят къызэрапщытэ экзаменхэр. 2010 гъэм ныбжьыщIэхэм ята Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм къарикIуахэм уеплъмэ, IупщI мэхъу ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэм и кууагъыр. Школ унафэщIым зэрыжиIэмкIэ, а бжыгъэхэр ящыщщ куейм щынэхъыфIхэм, арщхьэкIэ абы къыщыувыIэнукъым, атIэ ехъулIэныгъэхэм хагъахъуэу мы гъэри кърахьэлIэнущ.

Тэрч куейм и курыт школхэм я нэхъыбэм къащхьэщыкIыу, Новэ-Хьэмидей жылэм дэт еджапIэм интернати хэтщ. IэщыхъуэхэмIэ я бынхэм папщIэ 1972 гъэм къызэрагъэпэщауэ щыта а къудамэм мы зэманым къокIуалIэ куейми жылэми щыпсэу унагъуэ хуэмыщIахэм я бынхэр. Блыщхьэм къыщыщIэдзауэ щэбэт пщIондэ цIыкIухэр интернатым жэщи махуи щыIэщ. Ахэр ирагъаджэ, ягъашхэ, щыгъыныгъуэ хэхахэмкIи къызэрагъэпэщ. Тхьэмахуэм и кIэм ахэр я унэхэм школ автобусымкIэ зэбграшыж.

ЕджапIэм къыпэщылъ къалэныщIэхэм ящыщщ егъэджэныгъэм и фIагъыр нэхъри къэIэтыныр, компьютерым, интернетым я Iэмал гъунапкъэншэхэр IэнатIэр егъэфIэкIуэным адэкIи хуэгъэлэжьэныр, сабий зэчиифIэхэм хэхауэ ядэлэжьэным зегъэубгъуныр, школ гъащIэм адэ-анэхэр, жылагъуэр нэхъри къешэлIэныр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ мурадыфIхэр зиIэ еджапIэм ехъулIэныгъэ куэд иджыри зыIэригъэхьэну, и Iуэху зехьэкIэ пэрытым адэкIи зыужьыныгъэ игъуэтыну ди гуапэщ.

МЭКЪУАУЭ Дианэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

●Дифі догъэлъапІэ

Зи гъащІэри теплъэри зэкІуж

Зыхэт гупым пщІэрэ щІыхьрэ кьыхуащІу, и ехъулІэныгъэхэм къэрад гулъытэ игъэту, кьыхихьа Іэщіагъэмкіэ хьерыфІэу зы Іэнатіэм ильэс 40-кІэ щыхэжьа, унагъэ насыпымкІэ Къэр зэта, зи хъуэпсапІэхэр нахуапІэ зыщыхъуа Сэбаншы Евгение ди щІэджыкІакІуэхэм фэдгъэщІыхумэ, ди гуапэщ. А гукъэкІыр кьрикІуащ и ныбжьым нэхърэ куэдкІэ нэхъ щІалафэ, зи теплъэм у диныхъ щІыхуЗ зэкІужым кьыщалъхуа махуэр нобэ зэригъэтьащІэм.

Сэбаншы Евгение

КЪЫЗБРУН ЕЗАНЭ кьуажэм кьыщалъхуа пщащэм ехъулІэныгъэ иІэу 1958 гъэм курыт еджапІэр кьнухащ. Ар сыт щыгъуи жыдэжрт, гупым и щІэныгъэрэ зыныгьыкІэкІэ кьахэощырт. А псоми кьыпэкІуэу мызэ-мытІэу щытхъу тхьытхэр кьыхуагъэфэщащ.

ЛъэгапІэщІэжэн нэсыну, гъащІэм пІэ быдэкІэ хэувэну хуэпабгъэ Евгение кьуажэ школыр кьнухри Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щІэуэ кьыщыхэІуаха промышленностымрэ граждан хуэныгьэмкІэ и факультетым щІэтІысхьащ. Кьыхиха Іэщіагъэмкіэ дипломыр 1963 гъэм кьыІэрыхьэжащ. Кьыхэдгъэщынщи, Евгение ящыщщи инженер-хуэдкІуэ Іэщіагъэр ящэу зэзэпстэгъуэта адыгэ щІыхубзхэм. ЕджапІэ нэхъыщхьэр кьыщиухам ирихьэлІэу кьыІэІуахащ «Къэббалъкъсельстрой» трестыр, иужьым «Агропромстрой»-кІэ еджэ хьуащ. Евгение трестым гъэкъэн щыщщдзащ икІи ильэс 40-кІэ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм гъэратащ: инженер, инженер нэхъыщхьэ, проектымрэ гъэкъыгъэр кьыІэгъэпэщынымкІэ гупым, трестым экономикэ анализхэмкІэ и лабораторэм я унафэщІ кьулыкъуэм гъэратащ. Сэбаншы Евгение ящыщщ «Къэббалъкъсельстрой» трестым и щыуакьныгьэхэм зэрыщытекІуам папщІэ дамыгъэр, нэгъуэщІкэри. Зэпстэкіыжмэ, гукъэкІыж дахэм хэзыщІэ, кьыхуащІу пщІэм, щІыхьым теуха дэфтэрхэм, дамыгъэхэм яхэльщ «Пэжныгъэм и ветеран» медалыр.

Ищхьэкіэ кьыІэрыхэдгъэщащи, Сэбаншы Евгение щІыхур зэкъуапІэ, куэдым щапхъэ яхуэхъу унагъуэ дахэ зиІэ щІыхубзщ. И щхьэгъусэ Заури и Іэщіагъэкіэ уэхуакІуэщ. Ар Дон Іус Ростов щеджащ. Ильэс 30-м щІигъуааУ КъБКъУ-м уахуныгьэмкІэ и кафедрэм и унафэщІщ, щІэныгъэхэм я кандидатщ.

Зэщхьэгъусэхэм гъащІэр Іэфі ящызышцыр, я гукъыдэжьыр кьэзыІэтыр я щІэблэрщ, абыхэм къащІэхъуэжа щІыкІуэрщ. Заурэрэ Евгениерэ щІалэрэ хъыджэбзрэ зэдапІащ. Я кьуэ Арсен адэ-анэм я пІуэкьым ирикІащ. КъБКъУм уахуныгьэмкІэ и кьуамэр кьнухащ. Республикэм и жылагьуэхэм газ зышІэ уухакІуэ Іуэкущ Іапіэм и инженер нэхъыщхьэу, абы и унафэщІу щытащ. Иужь зэманым ар яхэтащ Плисецк космодромыр газкІэ кьыІэзэныгьэпэщащэм. Я ныс Бэлл зыпащІ щыІэкъым. Евгениерэ абырэ я зэхущытыкІэм укІэтыпІтымэ, зэныс-зэгуащэщ пхужьыІэнукъым. А тІур зи гурыІэгъэ зэдзэныгуэш зэшыпхъущ, зэныбжьгъущ зэбгъэщхьыр. А псоми кьыдэкІуэу, ныс-эм щыгъупщрыкІым чэнджащакІуэу, щапхъэу, сыткІи и щІэгъэкъуэну кьыбгъырыт и гуащэм пщІэ хуэщІын зэрыхуейр. Бэлл и Іэщіагъэкіэ акушергинекологщ. Сэбаншы нэхъыщхьэм зы щІалэрэ зы хъыджэбзрэ яІэщ. Ари ящэ экономикэ факультетыр кьнухауэ «Бум-Банк»-м щолажьэ. Ахьмэд Нэшэн дэт курыт еджапІэ №32-м 11-нэ классым щІэсщ.

Сэбаншы зэщхьэгъусэхэм ящхъу Майе КъБКъУм и экономикэ, инджылыз къудамэхэр кьнухащ. Налшык къалэмкІэ налог инспекцэм щыпэжьащ. Иджыпсту Майе и унагьуэр щыгъуэ США-м и Джорджие штатым щопсэу. Абы дэт университетым и ректорым экономикэмрэ бизнесымкІэ и къудамэр зэлажьэ. Я малъхъэ Мырзо Тимур щІэныгьэхэм я докторщ, и щхьэгъусэмэ хуэдэу, университетым щолажьэ. Компьютер технологиехэмкІэ, ар космосым кьыщыгъэсэбэпыныжкІэ ІэщіагъэлІ лъэщщ. Я щІалэ щІыкІуэу Іэдэм етхуанэ, Ален ящэ классым щоджэ.

ГъащІэр куэду зэхэухуэнащ: гуфІэгъэрэри гуауэри, фо Іэфіри хьунгъалІэ дыджри... Гугъуехьхэм пэтъэщу, зыхуэпабгъэ фІыгъуэм зи Іэр тезыгъахуэ щІыхуу емызэщыжхэм ящыщщ нобэ зи гугъу фхуэщІэ Евгениерэ и щхьэгъусэ Заурэрэ, я бынхэр зыщІапІыкІари аращ. ЗэхэщІыкІ, нэмыс, хабзэ щызекІуэ, гъащІэм и лъапІэныгьэхэм пщІэ щІыхуащІ унагъуэзы Евгение зи гуащэ Сэбаншыхэ я жьэгур.

Фыдуэ тлъагъу, ди псэм пэтщІ ди мамэ,
Гур хэзыгъахъуэ, анэшхуэ псоми я лей
Ди нанэ Іумахуэ!
Нэгугьэкіэ зэщІэблэ уи махуэшхуэм
Фыдугъуэу щыІэр кьоуэлІэну,
УузыншІэрэ жьыгъэр зыкуэмыщІэу,
Нобэ хуэдэу уи теплъэкІэ ущІалэрэ удахэу,
НэфІэгуфІэрэ щабэу куэдрэ утхуэпсэну
ГукІи псэкІи дынохъуэжьу.

Ильэс 70 ныбжьым зэпынэсар нобэ зыпІэтъапІэ Сэбаншы Евгение и кьуэрыпІхъу-гъэрыпІу щыкІуэм кьабгъэдэкІ мы псалъэ гъапэхэмкІэ и пщэдджыжьыр кьыщІэдзащ, дэрэжэгъэрэ тхъэгъэрэ кьезыт апхуэдэ махуэ куэдкІэ Къэр кьыхуэупсэмэ, ди гуапэщ.

УЭРДОКЪУЭ Жантинэ.

●Пшыхьхэр

Мысост Вадим, Хьэщэ Къанщобий, «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым хэт Тэхъу Артур сымэ я гукъэкІыжхэмкІэ студентхэм ядогуашэ.

Думэн Мурадин, Къэжэр Борис, Хьэмырзэ Ахьмэд сымэ студентхэм я упщІэхэм жэуап ират.

ХьэщІэхэм жаІэн яІэт

Егъэджакіуэхэр щагъэхьэзыру Налшык къалэ дэт колледжым иджыблагъэ и хьэщІащ Щоджэнщыкіу Алий и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драма театрым и артист пажэхэр.

АБЫХЭМ яхуеблэгъат КъБР-м и цІыхубэ артист, КъШР-м щІыхь зиІэ и артист Къэжэр Борис, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Думэн Мурадин, Ингуш Республикэм щІыхь зиІэ и артистхэу Хьэщэ Къанщобий, Мысост Вадим, Хьэмырзэ Ахьмэд сымэ.

Колледжым и егъэджакІуэ Пэшол Сакимэрэ информатикэмкІэ къудамэм и 3-нэ курсым щІэс Аслъэн Темботрэ кІэщІу тепсэлъыхьащ ди театрым и тхыдэм. Абыхэм жаІащ лъэпкъым зиужьынырэ куэдкІэ театрым зэрепхар. ЦІыхум и псэуКІэр, и дуней тетыкІэр, лъэпкъ гупсысэр утыку кьызыхэр театрыр щыараКІэ, абы и тхыдэр тщІэн, артистхэм я зэфІэкІым дыщыгъуэзэн зэрыхуэйм теухуауэ гъэщІэгъуэнт щІалэгъуалэм зэхахар.

ХьэщІэхэм ящыщу ящэу псалъэ зылъагъэса Къэжэр Борис жиІащ мыпхуэдэ гулъытэр зэрригуапэр. Абы къыхигъащащ щэнхабзэ, гъуазджэ Іуэху колледжым кьрихьэжьэмэ, ядэІэпыкъуну зэрыхьэзырыр.

Къэжэрыр и псалъэхэм пищащ Думэн Мурадин: «Мыпхуэдэ гуп дахэ, щІалэгъуалэ нэжэгужэ уахэпльа нэужь, уи гур хохъуэ. Ди гуапэ мэхъу апхуэдэ пщІэ, гулъытэ дэри ди бзэми зэрыхуэфщІыр. Дызэкъуэтмэ, дызэрылъытэмэ ди дежкІэ нэхъыфІщ. Щалэгъуалэм ар фиту илъын, кьывигурыІуэн хуейщ», - жиІащ Думэным. Абы фІыщІэ яхуищІащ ахэр кьезыгъэблэгъа, колледжым и егъэджакІуэхэу Лъостэн Марьянэрэ Абазэ Маритэрэ.

АдэкІэ «упщІэ-жэуапу» пшыхьэ екІуэкІащ. Студентхэр щІэупщІащ артист Іэщіагъэр зыхуэдэм, а лэжьыгъэ Іэнатіэм епха Іуэхугъуэхэм. Адыгэ къафэм теухуауэ щыгъэпсалъэм, Думэн Мурадин и лъэгум щІигъэплъащ, педколледжым и егъэджакІуэхэр къигъэфащ. Артистхэм я гушІэ дахэхэм къызэхуэсахэр щІагъэдэІуащ.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ колледжым и унафэщІ Байчекуевэ Нинэ. Абы и псалъэм къыхигъащащ къахуеблэгъа хьэщІэхэм я лэжьыгъэ гъэщІэгъуэным зэчий зэрыхуаІэр. Нинэ фІыщІэ яхуищІащ ди бзэмрэ щэнхабзэмрэ хьума хьуным зи гуащІэ хэзылъхьэхэм.

Зэхыхьэр щІэщыгъуэ, дахэ ищІащ «Шэджэм псыкъелъэхэр» гупым хэт Тэхъу Артур жиІа уэрэдхэм.

БАЦЭ ФатІимэ.



Пшыхьыр езыгъэкІуэкІахэу колледжым и егъэджакІуэ Пэшол Сакимэрэ абы щеджэ Аслъэн Темботрэ.

Колледжым и унафэщІ Байчекуевэ Нинэрэ абы и къуэдзэ Бицу Георгийрэ.



ЗэІущІэм кърихьэлІахэр.

«Псори сщІэну сыхуейщ»

Апхуэдэ фІэщыгъэ иІэу лэжьыгъэ гъэщІэгъуэн зэхигъэуваш КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Къэбэрдей-Балъкъэр институтым хэту къызэрагъэпэща Дунейпсо университет зэІухам и унафэщІ Бекъан Масирэт.

БЕКЪАНЫМ дыззэрыщІэзгъэзэамкІэ, ар зэпеуэ жыпхъэм тету иубзыхуащ икІи яхуэгъэзащ жыджэрагъкІэ, Іущагъкіэ, щІэныгъэм езыр-езыру лъэхъуэныжмкІэ зыхэтхэм къахэжьаныкІхэр 3-11-нэ классхэм щІэс еджакІуэхэм. Илъэсым кьриубыдэу зэпеуэр Іыхьищу зэпыдуаУ екІуэкІынущ. Ящэ Іыхьитіым-гьатхэмрэ бжьыхьэмрэ екІуэкІынхэм - къащыпэщылъ къалэнхэр ныбжьыщІэхэм щагъэзэщІэнур еджапІэмрэ унэмрэщ. Зэпеуэм и хабзэхэм еджакІуэхэр хуит кІэщ егъэджакІуэхэр, адэ-анэхэр, адэшхуэ-анэшхуэхэр зыдагъэІэпыкъуну. Пжьыгъэм и жэуап тэмэмхэр кьыщалъхъуэ хъунущ псалъалъэхэм, щІэнгъуэзэхэм, интернетым. Апхуэдэ щІыкІэкІэ мы ІуэхугъуэщІэм и кьалэн нэхъыщхьэр еджакІуэм, Іэмал псори кьитІэсэбэпкІэрэ, езыр-езыру щІэныгъэ зригъэгъуэтыфу, ар кьилъыхъуэфу егъэзэнырщ.

Зэпеуэм и Іыхьитіым балл нэхъыбэ кьыщызыхьэхэр дыгъэгъазэ мазэм Бизнесымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щызэхэтыну иужьрей зэхьыхьэм иригъэблагъэнурэ, абдежи я зэфІэкІ щагъэпэгъэнущ. Абы щытекІуаХэм щІыхь тхьытрэ саугъэткІэ яхуэупсэнущ, дэтхэнэ зыми «Псори сщІэну сыхуейщ» зэпеуэм зэрыхэтам щыхьэт техъуэ тхьылъ иратынущ.

- Проектым и хабзэр, и жыпхъэкІэ дубзыхащ, - жиІащ Бекъан Масирэт. - Зэпеуэм хуагъэхьэзыра лэжьыгъэхэр еджапІэхэм щадж предметхэм епхащ. Абыхэм яхэтщ тынш дыдэу зэныпэлъэщхэм, зэман кущ пфІэзыхьэхэри. Нэхъыщхьэр ар ныбжьыщІэр зыгъэгъупсысэу, и къэухьым зезыгъэужьу къэгъэтэджынкІэ дэтхэнэ зы щІэныгъэ Іуэхугъэщ и кьалэн нэхъыщхьэщ. Си гугъэщ мы ди лэжьыгъэщІэр абыкІэ мыхьэнэшхуэ зыгъэзащІэу.

щхьэщэмыщІ изэ.

●ФСБ-м къет

Сакъыныгъэм куэд елъытащ

Шынагъуэнщагъэмкіэ федеральнэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэмрэ кьэрал къэщІуэкІуэхэм Іэнатіэм транспортымкІэ и линеинэ къудамэмрэ (ЛОВД) террорым пэщІэтынымкІэ зыгъэсэныгъэхэр «Прохладнэ» къущІ гъэзэгъ станцым щрагъэкІуэкІащ.

ЩЫТЫКІэ кьыІэрымыкІуэ кьэхъу хьужыкьуэмэ, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм ялъэжьыныгъэ, профилактикэ Іуэхугъэхэм щрагъэкІуэкІа ЛОВД-м зэфІигъэкІыпхъэхэр зыгъэсэныгъэхэм щаубзыхуащ. Абы кьрикІуахэмкІэ гъущІ гьэзгу транспортыр терроризэм щыхьымэныкІэ ящэ игъэщІыпхъэ кьалэнхэр яубзыхуащ. КьищынэмыщІащэ, кьыщІагъэпэщІыныкъуэсныгьэхэр гьэзэкІуэжьыным гулъытэ хуащІынущ.

Цыхьу зэхуэсыпІэхэм, апхуэдэуи транспорт Іэнатіэм диверсие-террорист щІэпхъаджагъэхэр щагъэжьынымкІэ щыІнагъуэ зэрыщыщІэм кьыхэкІыж, республикэм и щІэныгъэм фигу кьыдогъэкІыж терактыр кьыІэпыдыныкІэ фи набдзэгубдзапІагъэм, сакъынныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, цыхьу куэдым я гъащІэр абы зэрелытар. Щэч зыхуэфащІ гуэр фрихьэлІэмэ, хьыбар евгъащІэ мы телефонхэмкІэ:

- УФ-м и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм - 48-16-02, 48-15-81;
- КъБР-м щыІэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;
- «Налшык» гъущІ гъэзэгу станцым щыІэ ЛОВДт-м - 77-54-46;
- «Налшык» аэропортым щыІэ ЛОВДт-м - 91-19-46;
- Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - 39-99-99.

Сом мелуан 23-рэ

КъБР-м щыІэ УФСБ-м и лэжьакІуэхэм къэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым фадэжьхэм кьыщагъэсэбэп акциз маркэ нэпцІу мин 500 кьытрахащ.

АХЭР кьрахащ «Кавказ» федеральнэ гъэзэгум Старэ Урыху кьуажэм пэгъунэгъуэ щаубыда «МАН» автомашинэм. КъаІэрыхьа хьыбарымкІэ аксцизэ зэгъэзэгъуэ щІэхъаджащІэ гупым яйщ икІи ГСО-Аланием яшэрт урысей предприятэ щІэрыІуэзэм я маркэхэр ягъуфу фадэ нэпцІ кьыщІагъэкІын мурадкІэ.

Кьытраха акцизэр щІэпхъаджащІэхэм кьагъэсэбэпу фадэхэкІыр ящамэ, кьэралым экономикэ хэщІныгъэ игъуэтынуТ икІи федеральнэ бюджетым сом мелуан 23-м щІигъу Іэрыхьэнутэкъым.

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэ.

●Гу зылъытапхъэ

Сощэ

КъатитІу зэтет, тынныпІэ псори зиІэ, псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ 270-рэ хъунэ.

И уасэр сом мелуани 4,5-рэщ.

ХьэщапІэр: Краснодар край, Анапскэ станицэ (тенджызым километри 3-кІэ пэжыжьэу).

Телефоныр: 8-962-650-14-69.

●Тхьылъыщ1э

«Адыгэ псалъэ»

Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхьылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ курыт еджапІэхэм я 6-нэ классхэм адыгэбзэр щегъэджаныным теуха тхылъ. Ар игъэхьэзыращ Бзэ щІэныгъэхэмкІэ республикэ институтым и лэжьакІуэ ХьэщІыкІу Рае.

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭР» къыдэгъэкІыныжкІэ абы дэІэпыкъуащ КъБР-м Бизнесымкіэ и институтым и унафэщІ Хъурей Феликс.

Тхылъым, цІыкІуэхэр нобэ зэрырагъаджэ адрейхэм къащхьэщыкІ къудей мыхъуу, сыт и лъэныкъуэкІи щІэм тету зэхалъхьащ: бзэ гъэхуакІэ тхащ, литературэ тхыгъэхэр зэманым къезэгъыу кьыхахащ, еджакІуэхэм я гупсысэм зезыгъэужь иджырей Іэмалхэмкіэ я дэтхэнэ дерсри гъэпсауэ. Абыкіэ иджыпсту щыщІэдзауэ цІыкІуэхэр ирагъаджэжьи хуейуэ щыткъым, ар курыт школхэм нобэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ куууэ щегъэщІэным лъабжьэ хуэхъупхъэу аращ. Ар пособие щапхъэм и ятемкІэ, зи еджэгъуэкІэ гурыІуэгъуэщ гулъытэ ин хуэщІыпхъэу зэрыщытыр. Кьимыдэкіэ, лъэпкъ литературэу зэрыщытыр нэрылъагъуу, адыгэ тхыпхъэхэмкІэ екІуу гъэщІэрэщІащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●Шэрэдж куей

НэхъыфІхэр къыхах

Къущкъэтау жылагъуэм Щнхабзэмкіэ и унэм щызэхэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубэ артист, балькъэр лъэпкъ уэрэдхэр жыІэным хуэІэкІуэлъакІуэу щыта Отаров Омар и фэеплъу кьызэрагъэпэща республикэ зэнеуэ-фестивалым щыщ Іыхьэр.

ПШЫХЬЫМ кьрихьэлІат районым хьыхэ кьуажэхэм щыщхэр. Зэхыхьэм щИмыддзэ щІыкІэ, кьызэхуэсахэм захуигъэзащ куей администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Рамазановэ Раисэ. Ар тепсэлъыхьащ Отаровым лъэпкъым и ныбжьыр, и лэжьакІуэ Ульбашев Азнорщ), Къэщкъэтау кьуажэм щыщхэу Манияевэ ФатІимэрэ Занкишиев Маратрэ, Хуртаев Мухьэмэд (Балькъэр Ищэ), Мечиев Сэфар (Къарэсу) сымэ. Ахэр хэтынущ зэхьэзэхуэм и кІэух Іыхьэу Налшык къалэм щекІуэкІынум. Зэпеуэм хэтахэм ираташ щІыхь тхылъэр Отаров Омар жиІэ уэрэдхэр зытет дискрэ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

Дунейпсо щІэныгъэ конференц

Бэрбэч Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекІуэкІащ физикхэм я 26-нэ дунейпсо щІэныгъэ конференц.

АР ТРАУХУАТ цІыхур хьэршым зэрыльатэрэ ильэс 50 зэрырикъум. Ди республикэм мы конференцыр зэрыщрагъэжьауэ, щхьэусыгъуэ хуэхъуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и ныбжьыр щІэныгъэ лъабжьэ быдэ щыІэу сыт щыгъуи кьыззэрекІуэкІар.

Махуищкіэ зэхэта конференцым щытепсэлъыхьащ физикэ щІэныгъэм мы зэманым игъуэта зыужьныгьэм, иужьрей ильэс зыбжанэм экстремальнэ, ядернэ физикэм, лазер, рентген къэхутэныгъэхэм зэныбжьыкІэ щІэныгъэлІхэр здыныкъэ гъунапкъэхэм. ЗэрыфщІэщи, дэтхэнэ зы щІэныгъэ лъэбакъуэмэ и мыхьэнэр хьэршым и мызакъуэу, медицинэмкІи инщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ З аурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщіэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьэкіэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІыкІ щыІэ уэрам, 5, абгъуэанэ - ешІапІэ и кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхугъэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ -47-22-63, 42-57-59; щапхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущапіэхэм ядэлажьэмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджакІуэхэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; сурэтчехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм иэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэшыт щыгъкым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льагъэхъэм и 16-м №П-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІыкІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору ЖылаСэ Замир, корректорхэу ТхытІыкІ Юрэ (1, 2-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІепыкъуэгъу Цалий Марьят. КомпьютерІэ гъатхэм и телъэр ящІащ Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 9.233 ●Заказ №685